ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№145 (24.271) ● 2021 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ Матвиенкэ Валентинэ



**Москва щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэрэ я зэIущIэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщIымрэ ФедерацэмкIэ Советым и спикерымрэ тепсэлъыхьащ щIыналъэм щыIэ эпидемиологие щытыкIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпIэным зэрызыхуагъэхьэзырым, щIыналъэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутхэм, апхуэдэуи промышленнэ, социальнэ IуэхущIапIэхэр ухуэным, зэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ зэфIагъэкIхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ эпидемиологие щытыкIэм и гугъу щащIым КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ ар нэхъ зэпIэзэрыт зэрыхъужар, узыфэр зэуэлIахэмрэ сымаджэщхэм ягъэгъуэлъын хуей хъуахэмрэ я бжыгъэр иужьрей тхьэмахуэ зэхуакуитIым зэрынэхъ мащIэр. «Дэ сымаджэщхэм гъуэлъыпIэ нэщIхэр щыдиIэщ. Узыфэм нэхъ зыщиубгъуауэ щыта лъэхъэнэхэми апхуэдэхэмкIэ дыбэлэрыгъакъым икIи гъуэлъыпIэ нэщI ди куэдурэ декIуэкIащ. Нобэ узыр нэхъ кIащхъэ зэрыхъуар долъагъу», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Матвиенкэ Валентинэ щIэупщIащ вакцинэр цIыхухэм яхэлъхьэным теухуа лэжьыгъэр щIыналъэм зэрыщекIуэкIым. Абы къыхигъэщащ узыфэм зэрызихъуэжыр, штаммыщIэ къызэрахутар икIи абы эпидемиологхэри узыфэ зэрыцIалэр зыпкърыт-хэм еIэзэ IэщIагъэлIхэри зэригъэгузавэр. КIуэкIуэ Казбек ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщIым жриIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр вакцинэхэмкIэ ирикъуу къызэрызэгъэпэщар, ахэр республикэм и поликлиникэхэм, къуажэ амбулаторэхэм зэрыIэрагъэхьэр. Псори зэхэту мастэ щыхаIу щIыпIэу 80 щыIэщ республикэм, хьэблэ-хьэблэурэ къакIухьурэ цIыхухэм гурагъаIуэ вакцинэр зыхрагъэлъхьэн щIыхуейр. Матвиенкэ Валентинэ къыхигъэщащ вакцинэр яхэлъхьэн лэжьыгъэр нэхъри зэрыщIэгъэхуэбжьапхъэр, сыту жыпIэмэ къэралым эпидемиологие щытыкIэр щыщIагъуэкъым. «ХъыбарегъащIэ сетхэр нэхъ жыджэру къэгъэсэбэпын хуейщ икIи мастэр зыхрамыгъэлъхьэным къыхуезыджэхэу, абы щызыгъэшынэхэу я Iуэху еплъыкIэм цIыхухэр хагъэзыхьу тезышэну хущIэкъухэм япэщIэтын хуейщ. Дэ, къэрал къулыкъущIэхэм, узыфэм жэщ-махуэ ямыIэу гуащIэу щыпэщIэт сымаджэщхэм щылажьэ дохутырхэм тхуэдэу щабэукъым ахэр цIыхухэм зэрепсалъэр. Вакцинэр зэрыIэмалыншэр цIыхухэм зыхегъэщIэн хуейщ», - къыхигъэщхьэхукIащ Матвиенкэ Валентинэ. Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ цIыхухэм Iуэхум и щытыкIэр къагурыгъэIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэр зэрыщIагъэхуэбжьэнур.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ ФедерацэмкIэ Советым Республикэм и махуэхэр щегъэкIуэкIыным теухуа Iуэхухэм, ахэр дызыхуэкIуэ илъэсым и мэлыжьыхь мазэм траухуащ. КIуэкIуэ Казбек ФедерацэмкIэ Советым и лIыкIуэхэр кърегъэблэгъащ республикэм и илъэси 100-р щагъэлъапIэкIэ махуэшхуэм хэтыну.

Гулъытэшхуэ хуащIащ щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэм. «Республикэм езым и хэхъуэхэмкIи бюджет зэхуаку трансфертхэмкIи зэщIигъэуIуэхэр 2022 гъэм сом мелард 60 хъунущ. Апхуэдиз хэхъуэ республикэм зэи иIакъым», - къыхигъэщхьэхукIащ щIыналъэм и унафэщIым.

КIуэкIуэ Казбек Матвиенкэ Валентинэ фIыщIэ хуищIащ республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр пхыгъэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн зэрыхъуам папщIэ.

ФедерацэмкIэ Советым диIыгъащ вольфрамрэ молибденрэ къыщIэхыным теухуа лэжьыгъэр щIыналъэм щегъэжьэжыным теухуа проектыр. А Iуэхур 2019 гъэм и щIышылэми, 2020 гъэм и бадзэуэгъуэми ФедерацэмкIэ Советым къыщаIэтат республикэм къыбгъэдэкIыу абы хэт сенаторхэм. А псом кърикIуаращи, дызэрыт илъэсым и жэпуэгъуэ мазэм яужь ихьащ Iуащхьэмахуэ мывэ къыщIэхыпIэ комбинатым и ухуэныгъэм. ЩIыуэпс гъэтIылъыгъэхэр къыщIэхыныр 2023 гъэм щIадзэну я мурадщ.

Апхуэдэуи щIыналъэм къэрал бюджетым къыхэкIыу къыхуаутIыпщащ Театрхэм я уардэунэм и ухуэныгъэр и кIэм нагъэсыным трагъэкIуэдэну сом зы мелард. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэ сенаторхэр хэту, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Любимовэ Ольги кърихьэлIэу а Iуэхум арэзы щытехъуащ ФедерацэмкIэ Советым и зыхуэфащэ комитетым и зэIущIэм. 2024 гъэм унэр ухуэныр яухынущ. КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, абы хэтынущ ЩIалэгъуалэ зэчиифIэхэм я уардэунэри, Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармониери.

ЕджакIуэхэм щIэныгъэ куу ягъуэтыныр, ахэр щеджэ IуэхущIапIэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым и социальнэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Дызэрыт илъэсым и фокIадэм щIыналъэм къыщызэIуахащ курыт еджапIищ, псоми зэхэту цIыху 1785-рэ щIэхуэу. ДызыхуэкIуэ илъэсым щIадзэнущ ныбжьыщIэ мини 4,5-м ятещIыхьа школиблым я ухуэныгъэхэр. Къуажэ еджапIэхэр зэрагъэпэщыжынущ, апхуэдэ лэжьыгъэхэр ещIылIэным хуэныкъуэу курыт еджапIэ 75-рэ щыIэщ. Урысейм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ зэхалъхьа, школхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным теухуа къэрал программэм ипкъ иткIэ илъэситI гъунэгъум лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынухэм, ФедерацэмкIэ Советри къадэIэпыкъуу, хагъэхьэну я мурадщ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ 50.

КъимыдэкIэ, ФедерацэмкIэ Советыр арэзы техъуащ Налшык дэт езанэ поликлиникэм и унэщIэр, зы махуэм кърихубыдэу цIыху 500-м я узыншагъэм кIэлъыплъыным хуэщIар, лышх узыфэр зыпкърытхэм щеIэзэну диспансерыр илъэситIым кърихубыдэу ухуэным теухуа проектхэм.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Казбек Матвиенкэ Валентинэ фIыщIэ хуищIащ икIи къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советымрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм адэкIи зэрызаубгъунум шэч къызэрытримыхьэр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# «Антарес» центрым и лэжьыгъэр къапщытащ

**КъБР- м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ «Зэчиймрэ ехъулIэныгъэмрэ» щIэныгъэ фондым и унафэщI, «ЩIэныгъэ» лъэпкъ проектым и Жылагъуэ-гъэзэщIакIуэ советым и унафэщI Шмелёвэ Еленэрэ ирагъэкIуэкIащ Гъуазджэм, спортым, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зэфIэкI къыщызыгъэлъагъуэ сабийхэм зегъэужьыным хуэгъэпсауэ КъБР-м щылажьэ «Антарес» щIыналъэ центрым и Попечительскэ советым и зи чэзу зэIущIэр.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Родинэ Викторие, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Налшык» хьэлвэ къыщыщIагъэкI заводым и генеральнэ директор Къудали Мухьэмэд, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Езауэ Анзор; Налшык къалэм и администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз, ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Бейтыгъуэн Залинэ, Бгылъэ щIыпIэхэр джыным елэжь институтым и унафэщI Беккиев Мухьтар, Кавказ щIалэгъуалэм зыщагъасэ тренинг центрым и унафэщI Борисевич Екатеринэ, Эксперт советым щыщ, КъБКъУ-м Компьютер IэмэпсымэхэмкIэ и кафедрэм и профессор Хьэшыр Татьянэ, видеоконференц IэмалкIэ - «Ай Ти Ви Групп» IуэхущIапIэм и унафэщI Алтуев Мурат, «Кавказ. РФ» IуэхущIапIэм и генеральнэ директор ТIымыжь Хьэсэн сымэ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIэ Казбек и псалъэм къыщыхигъэщащ «Антарес»-р республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проекту зэрыщытыр.

Центрыр «Дэтхэнэ сабийми и ехъулIэныгъэ» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ 2019 гъэм къызэIуахауэ щытащ.

«Ар къызэдгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ етту делIэлIащ, унафэщI къэс езым и гуащIэ Iуэхум хилъхьащ схужыIэнущ. Сэ езым егъэджэныгъэм епха унафэхэр си нэIэ щIэтащ. Центрыр Налшык и курорт Iыхьэм хиубыдэ сабий санаторэм зэрыщыIэм и фIыгъэкIэ, республикэм ис сабийхэм къалъыс IуэхущIапIэр езыхэм къагъэсэбэпыну хуит хъужахэщ, иджы нэгъуэщI IэмалкIэ. Ар къызэIуихын папщIэ республикэм къыхуаутIыпщауэ щытащ сом мелуан 213-м щIигъу, щIыналъэм и бюджетым щыщи текIуэдащ. Аращи, нобэ Центрым лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI ди сабийхэм ябгъэдэлъ зэчийхэр наIуэ къэщIыным, къыдалъхуа зэфIэкIым зегъэужьыным теухуауэ. Ар Урысейм и Президент Путин Владимир ди пащхьэ кърigъэувa къалэнхэм ящыщщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Къэрал къулыкъущIапIэхэм



# «Антарес» центрым и лэжьыгъэр къапщытащ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Шмелёвэ Еленэ къызэхуэсахэм сэлам яриха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэм къыдэкIуэу сабийхэм ират щIэныгъэм зыщрагъэужьын папщIэ куэд зэращыхузэфIэкIыр жиIащ. А лъэныкъуэмкIэ къалэн нэхъыщхьэу дяпэкIи щытынур «сабийхэм заузэщIыну Iэмал псори етынырщ, сыту жыпIэмэ, инфраструктурэ зызыубгъуамрэ IэщIагъэм хэзыщIыкI лэжьакIуэхэмрэ сыт щыгъуи щIэупщIэшхуэ яIэнущ».

«Къэрал программэм псори хиубыдэн папщIэ, республикэм и щIыналъэ псоми зэхуэдэ Iэмал ефтыныр япэ зэривгъэщыр хэкIыпIэ пэжу къэвгъуэтащ. Иджыпсту мы щIыналъэ центрым зэфIигъэкI лэжьыгъэхэр «Сириус» IуэхущIапIэм щапхъэ трихыурэщ зэрищIэр, ди лэжьэгъухэм кърат чэнджэщхэм едаIуэурэ. Ар фызылъэIэсыпхъэ мурадым хуэм-хуэмурэ фызэрыхуэкIуэм и щыхьэтщ, сабийхэри фэри хъарзынэу фыхэгъуэзащ а Iуэхум. IэщIагъэлIхэр я акъыл зэтехуэу зэрызэдэлажьэр щыплъагъукIэ, уи фIэщ мэхъу центрым и унафэщIхэр къыхэзыхахэр зэрыщымыуари, хэкIыпIэу къагъуэтахэр псоми я зэхуэдэ бгъэдыхьэкIэ пэжу зэрыщытри», - жиIащ Шмелёвэ Еленэ.

КIуэкIуэ Казбек Шмелёвэ Еленэ фIыщIэ хуищIащ лэжьыгъэр къазэрыдиIыгъым, къыдэкIуэтей щIэблэми, егъэджэн Iуэхум хэпщIахэми мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэшхуэ зэрадригъэкIуэкIым щхьэкIэ.

«Шэч хэмылъу, абыхэм къалэжь пщIэшхуэ яхуэпщIыну. Нобэ ар зыщIыпIэ нэсыфа, дызыгъэгуфIэ ди сабийхэм ядэтлъагъум къыдгурегъаIуэ икIи Iэмал имыIэу а лэжьыгъэм нэхъ кууж зедгъэужьынущ. Ди щIыналъэм сыт нэхъри нэхъапэу къыщыдолъытэ сабийхэм щIэныгъэ еттыныр. Аращ ди республикэм и къэкIуэнур зэлъытар», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэ центрым и лэжьыгъэр къиипщытэжащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Езауэ Анзор. Абы къыхигъэщащ лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ сабийхэм ябгъэдэлъ зэчийр къэгъэнэIуэнымрэ абыхэм зегъэужьынымрэ центрым иригъэкIуэкI лэжьыгъэ псоми я нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

«Зэчий зыбгъэдэлъ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ наIуэ къэщIыныр, абыхэм ядэлэжьэн Iуэхур республикэм щофIакIуэ. Центрым и фIыгъэкIэ ар нэхъ зэтеухуа, и ехъулIэныгъэхэри нэхъыбэ хъун хуейуэ аращ. А мурадым дылъэIэсын папщIэ, диIэ Iэмалхэр нэхъыфIу къэдгъэщхьэпэн, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм, щIэныгъэ центрхэм, IэщIагъэм хуэзыгъэхьэзыр IуэхущIапIэхэм нэхъыбэу ядэлэжьэн хуейуэ аращ», - дыщIигъуащ Езауэ Анзор.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ «Антарес»-р КъШР-м щыIэ, Инджыдж ЦIыкIу дэт РАН-м и астрофизикэ обсерваторием зэрыдэлажьэр; КъБР-м математикэ щIэныгъэм зыщиужьын пап-щIэ, Адыгэ университетым и Кавказ математикэ центрым и гъусэу проект щхьэхуэм зэрелэжьыр; 2020 - 2021 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу сабий 29-рэ егъэджакIуэ 22-рэ я щIэныгъэм щыхагъэхъуа «Сириус» центрым пыщIауэ зэрыщытыр.

«Антарес» центрым еубыд IэмэпсымэщIэхэмкIэ узэда лабораторэхэр зыхэт еджакIуэ корпус, абы хэтщ шахмат ущыджэгу, музыкэм, сурэт щIыным зыщебгъасэ, литературэ хьэщIэщхэр.

«Антарес»-м Iуэху хэхам хуэгъэпса егъэджэкIэ сменэрэ онлайн Iэмалымрэ щолажьэ, псори зэхэту абы зыхрагъэтхащ сабий 4800-м нэсым. Илъэс блэкIам абы и профильнэ сменэм щеджащ щIыналъэ щхьэхуэхэмрэ къалэхэмрэ щыщу еджакIуэ миным нэс. ЦIыху нэхъыбэ зыхэпщIа лэжьыгъэу «Антарес»-м иригъэкIуэкIахэм ящыщщ «Урысейр зэхуэдэ Iэмал къозыт къэралщ» зи фIэщыгъэ президент платформэм хыхьэ «Зыгъэпсэхугъуэ ин» проектыр. Абы хэтащ сабий мин I5-м нэс. Дызэрыт илъэсым и гъатхэпэм центрым щекIуэкIа «Хьэрш программэ «Сириус-2021» урысейпсо егъэджэныгъэ сменэм хэпщIа хъуащ УФ-м и щIыпIэ 39-м щыщу сабии 130-рэ.

Центрым лэжьэн зэрыщIидзэрэ, 5 - 11-нэ классхэм щIэс сабийхэм папщIэ сменэу 47-рэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм къызэщIаубыдащ еджакIуэ 1784-рэ, онлайн IэмалкIэ - цIыху 785-рэ. Псори зэхэту зэхьэзэхуэ хэдэрыхэхым къызэщIиубыдащ еджакIуэ 20000.

«Антарес» центрым и Эксперт советым и лэжьыгъэр къиипщытэжащ Хьэшыр Татьянэ. Ар тепсэлъыхьащ къыкIэлъыкIуэ илъэсым зыхуагъэувыж къалэнхэм. КъинэмыщIауэ, зэIущIэм зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр хилъхьащ Попечительскэ советым и зэхэтыкIэм.

«Антарес» щIыналъэ центрым и унафэщI Джаппуевэ Тамарэ тепсэлъыхьащ я лэжьыгъэм адэкIэ здиунэтIыну лъэныкъуэхэм. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым мурад зыхуащIыж республикэм щекIуэкI Урысейпсо олимпиадэхэм я еджапIэ, щIыналъэ Iыхьэхэм тест IэмалкIэ узэрыхэтыну Iэмэпсымэхэр зэрагъэпэщыну. Ахэр бжыгъэр зи тегъэщIапIэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпу ирагъэкIуэкIынущ. КъинэмыщIауэ, 5 - 8-нэ классхэм щIэс сабийхэм папщIэ республикэ олимпиадэ ирагъэкIуэкIынущ сабий зэчиифIэхэр пасэу къыхацIыхукIын мурадкIэ. «А Iэмалхэм олимпиадэхэм къыщыхэжанык Iхэр къэтщIэну Iэмал къыдатынущ, «Антарес»-м и лэжьыгъэм хэтхэм я цIэ-унэцIэхэри нэхъыбэ хъунущ», - жиIащ Джаппуевэ Тамарэ.

Мыпхуэдэ гупыж къыхалъхьащ: «Антарес» центрым иджыри «Кампус» - ущыжей хъуну къудамэ - къыгуащIыхьыну, щIыпIэ жыжьэ къикI еджакIуэхэр абы щIэсын хуэдэу.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэр щиухым къыхилъхьащ 2022 гъэм гъатхэпэм и 1-м и пэ къиихуэу, егъэджэныгъэм къыдэкIуэу сабийхэм драгъэкIуэкI Iуэхухэм хагъэхъуэну, щIэныгъэм зезыгъэубгъу программэщIэхэм зрагъэукъуэдиину, профильнэ сменэхэм ящIэнухэр щаубзыхукIэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ IуэхущIапIэхэм зыпащIэну, иджырей егъэджэныгъэ Iэмалхэм лъэщIыхьэ IэщIагъэлI щыIэн хуэдэу, егъэджакIуэхэм ядэлэжьэну.

# ЦIыхухэр афияным щыхъумэным теухуауэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ республикэм Наркотикхэм япэщIэтынымкIэ и комиссэм и зэIущIэр.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, республикэм и властым и гъэзэщIакIуэ, муниципальнэ органхэм, кIэлъыплъакIуэ, хабзэхъумэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм щыхэплъащ афиянхэкIхэр зэгъэкIуэкIыным пэщIэтыным хуэгъэзауэ хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, профилактикэ Iуэхухэм кърикIуахэм; наркотикым итхьэкъуахэм медицинэ IуэхущIапIэхэм зыщагъэхъужын зэрыхуейм теухуа унафэу судым къищтахэр гъэзэщIа зэрыхъум; наркоманием цIыхухэр щыхъумэн и лъэныкъуэкIэ волонтёр, мылъку къэлэжьыным пымыщIа зэгухьэныгъэхэм япыщIауэ щытынымкIэ, муниципальнэ программэхэм щыубзыхуахэр гъэзэщIэнымкIэ яхузэфIэкIахэм.

Республикэм и хабзэхъумэ органхэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм зэIущIэм къырихьэлIахэр щыгъуазэ ищIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ **Павлов Василий**. IуэхущIапIэм и унафэщIым зэрыжиIамкIэ, «Iущхьэ-2021» Iуэхум хыхьэу дызэрыт илъэсым и мазибгъум щIыналъэм къыщахутащ икIи ирагъэкъэбзыкIащ щIэп езыр-езыру къыщыкI щIыпIэу гектар 43-рэ. Наркотик щызрахьэлIэ щIыпIэу 18, афиянхэкIхэр республикэм къызэрашэ щIыпIэ 24-рэ зэхуащIащ а зэманым кърикIубыдэу. Наркотикхэр хабзэм ебакъуэу зэращэм епха, хъыбарегъащIэ-коммуникацэ сетхэр къагъэсэбэпу ялэжь щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм хохъуэ. Апхуэдэуи нэхъыбэ хъуащ хамэ къэрал щыщ цIыхухэм республикэм афиянхэкIхэр щызэрагъэкIуэкIыу ялэжь щIэпхъаджагъэхэри.

Зэхуэсым щыхэплъащ хабзэхъумэ органхэмрэ тезырхэр щрагъэпшыныж IэнатIэхэмрэ я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр гъэзэщIэным къыщагъэсэбэп Iэмалхэм. Гугъу нэхъ зыдехьэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ афияным итхьэкъуахэм загъэхъужыну зэрыхуэмейр, гъащIэм хэзэгъэжын папщIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ хуащIэу зэрамыдэр. КIуэкIуэ Казбек жиIащ суд унафэхэр нэсу гъэзэщIа хъун папщIэ зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм Iэмалу щыIэ псори къызэрагъэщхьэпапхъэр.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ ныбжьыщIэхэм папщIэ езыхэм яфIэфIу зэкIуалIэ центри 156-рэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэу 8, волонтёр зэгухьэныгъэу 9, «Волонтёр лэжьыгъэм зегъэужьынымкIэ центррэ» абы и къудамэ 12-рэ республикэм зэрыщылажьэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэуи щагъэзащIэ афияным щIэблэр демыгъэхьэхынымрэ наркотикхэр зэрагъэкIуэкIыным пэщIэтынымкIэ зыуэ щыт муниципальнэ программэхэр.

Къэпсэлъахэм едэIуа нэужь КIуэкIуэ Казбек жиIащ IуэхущIапIэхэр наркоманием пэщIэтыным хуэгъэзауэ адэкIи зэдэлэжьэн зэрыхуейр. ЗэIущIэм зыщыхэплъа Iуэху псомкIи унафэ пыухыкIахэр къащтащ. ЩIыналъэхэм я унафэщIхэм хуагъэуващ наркоманием зэрыпэщIэт Iуэхухэм егугъуну, абы хузэхалъхьауэ щыIэ муниципальнэ программэхэр нэхъ нэсу къагъэсэбэпыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм пщэрылъ щищIащ, КъБР-м жылагъуэ зэхэтыкIэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и институтхэм ящIыгъуу, афияным пэщIэтыным хуэгъэза лэжьыгъэм щIалэгъуалэ волонтёр зэгухьэныгъэхэр нэхъ жыджэру къыхашэну.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГРТК-м и унафэщI **Къэзанш Людмилэ Борис и пхъум** хуогузавэ абы и шыпхъу **Хъуэкlуэн (Ахъмэт) Лалусэ Борис и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГРТК-м и лэжьакIуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и унафэщI **Къэзанш Людмилэ Борис и пхъум** хуогузавэ абы и шыпхъу **ХъуэкIуэн (Ахъмэт) Лалусэ Борис и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# БлэкIа зэманым ущегъэхьэщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыблагъэ щекIуэкIащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуар гъэлъэпIэным теухуа Iуэхухэр. Ахэр республикэм и IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэми езыр къыщалъхуа Хьэтуей жылэми щызэхэтащ. А цIыху щыпкъэм теухуа си гукъэкIыжхэмкIэ, и тхыгъэхэм сызрагъэгупсысахэмкIэ сэри садэгуэшэну сыхуейт «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм.**


Джэтауэхэ Хьэмыщэрэ Жанусэрэ.


Налохэ Ахьмэдхъанрэ Аскэрхъанрэ

АХЬМЭДХЪАН сэ къыщысцIыхуам сыхъыджэбз цIыкIут. СызыщIэсыр химико-биологие факультетрами, адыгэбзэр фIыуэ слъагъурт икIи ди тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм седжэн сфIэфIт. Хъыджэбз цIыкIухэм ди гъусэт Ахьмэдхъан и шыпхъу Зое. Дэ псори дехъуапсэрт абы. Дауи уемыхъуэпсэнрэт дэлъхуихым ягъафIэ, ягъэдахэ, ягъэлъапIэ хъыджэбзым! Ахьмэдхъан Зое и деж общежитым ныщIыхьамэ, дыукIытапэурэ дакIэлъыплъырт абыхэм.

Зое хъыджэбз лъагэт, дахэт, Ахьмэдхъан щIалэщхуэм хуэдиз хъуным мащIэт къанэр. А зэманхэм щIэздзащ сэ Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм седжэн. Пэжыр жысIэнщи, си щIалэгъуэу сыщеджамрэ иджы зэрыщIэзджыкIыжымрэ зэхуэдэкъым. Абы и «Нэхущ шу» романым сыщеджам си гум хыхьат. Псом хуэмыдэу зыхэсщIэпат «ХадапщIэ» Iыхьэр, абы къытезгъэзэжурэ тIэу-щэ седжэжат. Иджырей щIалэгъуалэм къагурыбгъэIуэну гугъущ а хадапщIэм и гугъуагъымрэ а зэманым цIыхум ятелъа хьэзабымрэ. Ахьмэдхъан «ХадапщIэр» зэритхыж дыдэм хуэдэт дэ школым дыщыщIэсым зи щхьэгъусэхэр зауэ гуащIэм хэкIуэдауэ колхоз губгъуэм ит фызхэм дазэрыдэIэпыкъур.

Сыту нэрылъагъуу, гурыIуэгъуэу тхэрэт Ахьмэдхъан! А хадэм ухешэ, уи гум къегъэкIыж фIанэм и хьэлъагъыу щытар, псалъэкIэ нэхъ мыхъуми, дигу фIы ящIыну губгъуэм ныхыхьэу щыта, Нартан къуажэм и унафэщIхэу Шыбзыхъуэ Хьид, Егъэн Задин сымэ.

Сыту сфIэфI Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм сытепсэлъыхьыну! Псом хуэдэкъым «Псыхьэ нанэ» рассказыр.

Сэ езыр куэд щIащ нанэ сызэрыхъурэ. Унанэу а рассказым ущеджэжкIэ, Бышэ нанэ и деж плъэмыкIыу хьэщIапIэ уешэ Ахьмэдхъан: Iэмал имыIэу сыхуейщ абы сеуэршэрылIэну; псыуэ къихьыр пщIэншэу ирымыкIуту: «Хьэутий къэкIуэжмэ, Iэнэм къытетлъхьэну хадэхэкIхэм щIэдгъакIэ», жысIэурэ тезгъэуну.

Гум щIыхьэу итхащ Ахьмэдхъан а рассказыр, къигъэлъэгъуащ анэм быным хуиIэ лъагъуныгъэм и куугагъыр, уеблэмэ абы уи щхьэр зэригъэкIуэкIынкIэ зэрыхъунур. А рассказым апхуэдизкIэ купщIэшхуэ илъщи, уегъэгупсысэ: «Сэри сцIыхуу пIэрэ абы ещхь нанэ?» жыпIэу. Сэ соцIыху! Нартан къуажэм щыщ Гъудэ Къарэ. А цIыхубз дахэр зыкIэ пшынауэ Iэзэти!.. Зэхыхьэ гуэр къэхъуамэ, къелъэIухэрт пшынэ ирагъэуэну. «Лалу къэкIуэжмэ сыфхуеуэнщ», - жиIэ фIэкIа, пшынэр яIихыртэкъым. Къарэ губзыгъэдыдэт икIи къыбгурыIуэрт абы и псэм щигъафIэ лъагъуныгъэм и дахагъэр, абы зэрыхуэпэжыр. Зауэм хэкIуэда и щхьэгъусэм пэплъэурэ дунейм ехыжащ Къарэ. А зауэ нэужь зэманыр сыту IупщIу икIи гуузу къыщыгъэлъэгъуэжа Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм.

Абы и дэтхэнэ зы тхыгъэми и лъабжьэр гъэщIэрщ - езым псэкIэ зыхищIа гурыщIэхэрщ, гуфIэгъуэри нэщхъеягъуэри щызэщIэлъу. Налом и IэдакъэщIэкIхэр ди щIэблэм Iэмал имыIэу кууэ яджыпхъэщ, сыту жыпIэмэ, ахэр гъащIэм узыщрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм уащхьэдэхыныкIэ, гугъуехьхэм уапэлъэщыныкIэ узэрыгъуэзэнхэщ.

Налом и тхыгъэхэм хэт лIыхъужьхэм ядэтлъагъу зэхущытыкIэ дахэм, пэжыгъэм щIэтIыкI щIэблэр Ахьмэдхъан хуэдэу хахуэу, цIыху пэжу къэтэджыну уащыгугъ хъунущ.

Нало лъэпкъым щыщ куэдым щIэныгъэшхуэ зэрабгъэдэлъым, я гупсысэхэр тхыгъэкIэ къаIуатэну зэрафIэфIым, ар фIы дыдэуи зэрахуэзэфIэкIым дыщыгъуазэщ. Я къалэмыр жану ягъабзу, ябгъэдэлъ зэчийр адыгэхэм хуагъэлажьэу къэгъуэгурыкIуащ Жансэхъу, Заур, Ахьмэдхъан, Аскэрхъан, Къарэ сымэ. Уегупсысмэ, сыт и уасэ апхуэдэ цIыхухэр лъэпкъым къыбдалъхуну!

Ахьмэдхъан цIыху куэдым фIыуэ ялъагъу икIи псалъэ гуапэ Iэджи хуатхащ. Абыхэм ящыщт си щхьэгъусэ полковник Джэтауэ Хьэмыщэ. Абы и тхыгъэ «Отважный понтонёр» зыфIищар Нало Ахьмэдхъан теухуат - адыгэлI щэджащэм Хэку зауэшхуэм къищигъэлъэгъуа хахуагъэм, и губзыгъагъэм, и псэм и къулеягъым. Дапхуэдиз акъылрэ зэфIэкIрэ уиIэн хуейт танк бригадэр Неман псышхуэм зэпрышын щхьэкIэ! И лIыгъэм папщIэ къэралым и дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуагъэфэщат Ахьмэдхъан, ауэ нэхъ лъапIэхэм ящыщт Невский Александр и орденыр. Апхуэдэ щIыхь зыхуащIхэр зырызыххэт.

Хьэмыщэ фIыуэ илъагъурт Ахьмэдхъан, абы и къуэшхэу полковник Аскэрхъан, Заур сымэ. Абыхэм яхуищI пщIэм кърикIуауи къыщIэкIынут Налохэ благъэ зэрытхуэхъуар - ди хъыджэбз нэхъыщIэ Радинэ Налохэ нысэ яхуэхъуат. Хэт игъащIэм илъэгъуа адэр и пхъум и нэчыхьытх кIуэуэ?! «Сэ Ахьмэдхъан, Аскэрхъан, Заур сымэ сабгъэдэсыну сыхуейщ», - жиIэри, Хьэмыщэ кIуат а нэчыхьытхым.

Ахьмэдхъан теухуа псалъэ дахэ, гуапэ куэд зэхэсхащ сэ, ауэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд хужиIауэ иджыблагъэ сыкъызэджэжам псори къызэщIиубыдэу къысщохъу: «Езым фIыуэ илъагъу и лIыхъужьхэм хуэдэу лъэщт икIи Iущт, бжьыфIэт икIи лIыфIт Нало Ахьмэдхъан».

**БЕКЪАН (Джэтауэ) Жанусэ Цом и пхъур,**
*Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ.*

# Набдзэгубдзаплъэ

**Куэшмэн-Битокъу Рузанэ КъБР-м и Казначействэм и федеральнэ IуэхущIапIэм хъыбархэр хъумэнымкIэ и экспертщ. ЩIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и инженерно-техническэ факультетым, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым экономикэмрэ управленэмкIэ, финансхэмкIэ и къудамэм.**

ЦIЫХУМ и щIыкIэ хъунур и сабиигъуэм къыщожьэ. Хьэлщэн хуэхъунухэр, гъащIэм нэхъ щыдэзыхьэхынухэр абдеж убзыхуа щыхъуу къыщIэкIынущ. Рузанэ и гумызагъагъым и къежьапIэри сабиигъуэрщ:

- СызэрыцIыкIурэ сесат зыгуэрым зеспщытамэ, ар Iэмал имыIэу фIы дыдэу сщIэн хуейуэ. КъэхъункIэ хъунукъэ апхуэди... Школым сыщыщIэсым къысхуихуащ 3 къэсхьу, ар си гум щыщIыхьа, сыщытегъа. Си адэ-анэр абы щхьэкIэ зэи къызэшхыдэнутэкъым, сэ езым зыхуэзмыгъэфащэу арат. Школым «тху» защIэкIэ сыщеджащ, еджапIэ нэхъыщхьэхэри диплом плъыжькIэ къэзухащ, - жеIэ абы икIи пещэ. - ЩIэныгъэр, ныбжьэгъухэр, егъэджакIуэхэр, IуэхугъуэдахэхэрIэ - куэд мэхъу си гум гуапэу къинар. Къапщтэмэ, еджэныр нэхъ гугъуу къысщохъу лэжьэным нэхърэ. Ущеджэм деж махуэ къэс уэру гупсысэщIэхэр, хъыбархэр къокIуэ. УтеплъэкъукI хъуркъым еджэным. Сыщыстудентым сымыжейуэ жэщым сыщыщыса куэдрэ къысхуихуащ, нэхъыбэ къэсщIэн папщIэ.

Сэ сызыщеджа инженер-техникэ факультетым хъыджэбз щымащIэти, егъэлеяуэ дагъафIэрт, пщIэ къытхуащIырт. Зэгуэр, япэ курсым дыщIэсу, еджапIэ дэфтэрхэм халъхьэну ди паспорт копиехэр зэхуэтхьэсырт. Си паспортыр къэзылъэгъуа ди курсэгъум «УэI, мыбдеж ди нанэ урещхьщ», - жиIэри гушыIат. Ар гупым щIэсхэм зэхахри, «нанэ» къысфIащащ. Къэзухыху аращ къызэрызэджар, иджыри дыщызэхуэзэхэм «нанэ» къызжаIэ, - къыддогуашэ ди псэлъэгъур.

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ къэрал мэкъумэш университетым заочнэу щеджэу, Казначействэм лэжьэн щыщIидзащ Битокъу Рузанэ. ЗэрыжиIэмкIэ, япэ махуэхэр къегугъуэкIащ. Ауэ фIы дыдэуи хэгъуэзащ. Лэжьыгъэм и щэхухэр къищIащ, и гум дыхьащ. МыхьэнэшхуэиIэщ уи псэм фIэфI IэнатIэм упэрытыным, абы гукъыдэж къыпхелъхьэ. Рузанэ лэжьакIуэ набдзэгубдзаплъэщ, хэлъэт иIэщ - зыпэрыт IэнатIэм аращ щынэхъыщхьэр.

- Си лэжьыгъэм къалэн къысщещI цIыху куэдым сагурыIуэну. ИтIанэ, жэуаплыныгъэшхуэ сохь. Псалъэм папщIэ, «электроннэ IэщIэдз» жыхуаIэр къэрал къулыкъущIэхэм язот. Абы папщIэ, я гъащIэм, лэжьыгъэм теухуа дэфтэрхэм зыщызогъэгъуазэ. Абы нэгъуэщIынэ тебгъаплъэ хъунукъым. ЦIыхухэм сэбэп сазэрыхуэхъуным яужь ситщ, куэдым щIэупщIэу зыкъысхуагъазэ, я дзыхь къызагъэз. Езыхэми псалъэ гуапэ куэд зэхызагъэх - аращ гукъыдэж къысхэзылъхьэр, - жеIэ абы.

ЦIыху щыхъукIэ, иIэщ гъащIэм щапхъэ щыхуэхъу, чэнджэщ щыхуэныкъуэм деж зэжалIэ, и щхэу зриIуэтылIэ. Рузанэ и гъащIэм щапхъэ нэхъыщхьэу хэтыр и адэ-анэрщ:

- Ахэращ дуней тетыкIэу сиIэн хуеймкIэ гъуазэ схуэхъуар. Гугъу зэрехьри слъэгъуащи, абыхэм зэрыпхыкIыф щIыкIэр згъэщIагъуэрт. Сыт хуэдэ Iуэху пэрыувэми зызэщIагъакъуэ, зэролъытэ. Си анэ-адэм я деж щыслъэгъуа зэхущытыкIэ дахэм и щапхъэр тегъэщIапIэ щызощI сэ езым сухуа унагъуэщIэм зэгурыIуэрэ пщIэрэ илъыным теухуауэ.

Тхылъхэми куэдым хуагъасэу жеIэ Рузанэ. Псом хуэмыдэу художественнэ тхыгъэхэр Iэпэгъу зыхуэхъуар абыхэми насыпыфIэ ящIу къелъытэ.

- НэхъыфI дыдэу слъагъу тхылъу сиIэщ Остин Джейн и «Гордость и предубеждение» зыфIища и романыр. ГъащIэ тхылъщ ар, лъагъуныгъэр и лъабжьэу. Къытезгъазэурэ куэдрэ седжащ, седжэхуи щIэщыгъуэ къыщызгъуэтащ, - жеIэ.

Битокъу Рузанэ инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым гу зылъыуегъатэ: абы цIыхухэм щадогуашэ шхын IэфIхэр зэрапщэфI щIыкIэмкIэ. ПщэфIэныр абы фIыуэ илъагъу Iуэхухэм ящыщщ.



- IэфIу пщэфIэныр бзылъхугъэм къыдалъху зы хьэл дахэу къысщохъу, моуэ нэхъ щаби нэхъ гуапи щIэхъукIыу и хьэлыр. Сэри пщэфIапIэм щызгъакIуэ зэманыр сфIэфIщ. Си анэм сыхуигъэсащ пщэфIэным. СыщыцIыкIум ар щыпщафIэкIэ сригъусэт, куэдым сыщIэупщIэрт, сыдэIэпыкъурт. TIэкIу сыкъыдэкIуэтейри, сэри сыпщафIэу щIэздзащ. Илъэс 13-м ситу япэу хупцIынэ спщат си анэр къыскIэлъыплъурэ. КъызэгугъуэкIати, «зэрэ-тIэурэ упщмэ, уесэнущ», къызжезыIауэ щыта си анэм иджы езым нэхърэ нэхъыфIу сыпщу жеIэ.

ПщэфIэным зебгъэсэным ди зэманыр хуэщIащ. УпщэфIым хэплъхьэ ерыскъыхэкIхэр куэду щыIэщ, зэрыбгъэхьэзырынуращи, щIэщыгъуэ куэд интернетым къыщыбогъуэт е нэхъ къапщтэмэ, курсхэм зыхебгъатхэми хъунущ. Сэ, псалъэм щхьэкIэ, сыпщэфIхэм я рецептхэр инстаграмым щызиIэ напэкIуэцIым къызолъхьэ, абыхэм къыщIэупщIэхэм си гуапэу сэбэп сахуохъу, - жеIэ Рузанэ.

Сыт хуэдэ Iуэхум темыпсэлъыхьми, Рузанэ и гупсысэхэр бзыгъэщ. Я нэхъ Iуэху цIыкIуу къыпщыхъуми акъыл хелъхьэф. ЦIыхур дунейм къытехьэныр насыпырыхьу къелъытэ икIи гъащIэм хелъагъуэ а насыпыр зэрихъумэн Iэмал куэд.

- ФIыуэ слъагъухэр узыншэныр, я Iуэху кIуэтэныр насыпщ сэркIэ. Насыпщ мы дунеишхуэм сэр папщIи зы плIанэпэ зэрыщыIэр, си гупсысэм сызэрыхуитыжыр, цIыхухэм си сэбэп зэрезгъэкIыфыр, псэкIэ си гъунэгъухэм сыкъызэрахъуреихьыр, - жеIэ абы.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# ЦIыху щыпкъэу дунейм тета



**И ныбжьыр илъэс 88-м иту щэкIуэгъуэм и 28-м дунейм ехыжащ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, егъэджакIуэ, УФ-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, Кавказ Ищхъэрэм и Курыт щIыналъэм щIыуэпсыр хъумэнымрэ физиологиемкIэ щIэныгъэ школ къыщызэIузыха, Урыс ботаникэ зэгухьэныгъэм хэт, Кавказ Ищхъэрэм и ботаникэ хадэхэм елэжь бюром и лэжьакIуэу щыта, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Слъон Лудин Хьэчим и къуэр.**

Ар 1934 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. 1955 гъэм Лудин Къэбэрдей-Балъкъэр Пединститутым щIэтIысхьэри, ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. 1963 гъэм щегъэжьауэ, Лудин КъБКъУ-м IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIыгъыу лэжьащ: лаборант нэхъыжьу, доценту, профессору, кафедрэм и унафэщIу. Слъон Лудин езым къызэIуихауэ щытащ къэкIыгъэхэр зэрызэхэлъымрэ адрей ботаникэ щIэныгъэхэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ лабораторэрэ «физиология» щIэныгъэмкIэ аспирантурэрэ. Абы зэригъэпэща щIэныгъэ-къэхутакIуэ лабораторэр нобэми КъБР-м къыщыкI къэкIыгъэхэр щадж IуэхущIапIэ нэхъыщхьэу къальытэ. Слъон Лудин и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ 12, щIэныгъэлI лэжьыгъэу 200-м щигъу, абыхэм ящыщу 110-р ВАК-м и нэIэ щIэт журналхэм къытрырагъэдзащ.

Слъон Лудин ущытепсэлъыхькIэ, и гугъу умыщIу хъунукъым абы егъэджэныгъэм къыщигъэлъэгъуа Iэзагъыми, ар университетым и гъащIэм жыджэру хэлэжьыхь цIыху жану зэрыщытами. Лудин мызэмытIэу хахауэ щытащ профсоюзым и унафэщIу, химико-биологие факультетым и парт зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэу, еджакIуэхэм я куратору. Слъон Лудин хэтт щылажьэ факультетым и профбюором, партбюороми, университетымрэ факультетымрэ щызэхэт щIэныгъэлI чэнджэщакIуэ гупхэми. И къарум къихькIухьу, Лудин езэш имыIэу университетым щекIуэкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хэпщIауэ къекIуэкIащ.

Къыхуагъэфэща саугъэтхэм ящыщщ «ЩIыщIэр къэзыIэтыжахэм зэрахэтам папщIэ», Ленин В. И. илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу къыдагъэкIа «Лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуа ехъулIэныгъэхэм папщIэ», академик Вавилов Н. И. и цIэр зезыхьэ медалхэр. IэщIагъэм ехъулIэныгъэ къызэрымыкIуэ къызэрыщигъэлъэгъуам щхьэкIэ «ЩIэныгъэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» Европалатэм абы къыхуигъэфэщауэ щытащ дипломрэ дыщэ медалрэ, щIыхь тхылъ зыбжани къратащ.

ЦIыху щыпкъэу, щIэныгъэлI Iэзэу, гъащIэм щыгуфIыкI псэ хьэлэлу дунейм тета Слъон Лудин зэи ящыгъупщэнукъым фIыкIэ зигу къинэжа и еджакIуэхэми, лэжьэгъухэми, уеблэмэ зэ фIэкIа къыхуэзэну къызыхуимыхуахэми.

**КЪУДЕЙ Аминэ.**

# Пэжым и телъхьэт



2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м дунейм ехыжащ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ ГуэбэщIыкI Жантемыр Мухьэмэд и къуэр.

Пэжым и телъхьэ, лей зытехьэм и къыщхьэщыжакIуэ, захуагъэр утыкум щызэхэзыгъэкIыф цIыху щыпкъэу и гъащIэр ирихьэкIащ ГуэбэщIыкIым. Гъуэгуанэ купщIафIэ и щыбагъ къыдэлъщ Жантемыр, республикэм и IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм пщIэрэ щIыхьрэ иIэу щылэжьащ.

1961 гъэм Львов къалэм дэт Сату-экономикэ институтыр къиухри, абы лэжьэн щыщIидзащ. Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIэ райпом и бухгалтер нэхъыщхьэу икIи зэман кIэщIым къриубыдэу экономикэм, финансым фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлI нэсу зикIигъэлъэгъуащ. Куэд дэмыкIыу ар ягъэуващ «Къэббалъкъпотребсоюз»-м и правленэм и тхьэмадэм финанс Iуэхухэмкlэ и къуэдзэу. Лэжьыгъэм хьарзынэу хэзэгъами, и щIэныгъэм адэкIэ хигъэхъуэну мурад ищIри, ар щIэтIысхьэжащ аспирантурэм икIи 1973 гъэм и диссертацэр ехъулIэныгъэкIэ Киев щыпхигъэкIри, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. ЩIыналъэм къигъэзэжа нэужь абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м сату Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ къулыкъур. А IэнатIэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщызэфIигъэкIам и щыхьэтщ «Отличник советской торговли» щIыхь дамыгъэр къызэрыхуагъэфэщар. АдэкIэ ар илъэс 11-кIэ лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым транспортымкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэу. 1995 - 2013 гъэхэм ар щытащ езым къызэригъэпэщыжа, республикэм япэу къыщыунэхуа «Къэббалъкъаудит» IуэхущIапIэм и тхьэмадэу. Псом хуэмыдэу а илъэсхэм наIуэ къэхъуащ ГуэбэщIыкIыр IэщIагъэлI лъэрызехьэу, къэзыгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытыр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэр ефIэкIуэнымкIэ аудитор компанием лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ, предприятэ куэдым я финанс Iуэхухэр тэмэму зэтеубла хъунымкIэ икъукIэ сэбэпышхуэ яхуэхъуащ.

ЩIэныгъэлIым, IэщIагъэлI пашэм и IуэхущIафэхэри гулъытэншэ хъуакъым. Къэралым, республикэм я экономикэ, финанс зыужьыныгъэхэм жыджэру и гуащIэ зэрыхилъхьам къыпэкIуэу абы къыфIащащ «УФ-м щIыхь зиIэ и экономист» цIэ лъапIэр, УФ-м и Аудитор Палатэм дыщэ медалкIэ игъэпэжащ, 2006 гъэм Урысей Федерацэм и цIыху цIэрыIуэхэм я лъэпкъ щIэнгъуазэм ар къилъытащ къэралым и менеджер нэхъыфIу икIи «УФ-м и топ-менеджер» щIыхьыцIэр къыхуигъэфэщащ. Апхуэдэу абы илъэс зэхуэмыдэхэм къратащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я ЩIыхь тхылъхэр.

КъБР-м и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союзым и тхьэмадэм и къуэдзэу, Мэкъумэш хозяйствэхэмкIэ ассоциацэм и советым, Налшык къалэ и хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм я унафэщIу щыткIэрэ хьэрычэт Iуэхум зегъэужьыныгъэмкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ яхуэхъуащ, гъэзэщIакIуэ, муниципальнэ органхэм, апхуэдэуи къэрал хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ курытымрэ ехьэлIа хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ зэфIигъэкIахэр къыпхуэмылъытэнщ.

ГуэбэщIыкI Жантемыр КъБР-м и Iэтащхьэм и деж Инвестицэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ щыIэ советым жыджэру дэлэжьащ, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я Жылагъуэ советхэм хэтащ, КъБР-м и Парламентым, Налшык къалэ администрацэм къызэригъэпэщ зэIущIэхэм щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэрт. Ар хагъэхьат КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и коллегием, грантыр зыхуэфащэ фермер щIэзыдзагъащIэхэр къыхэзыхыну къэпщытакIуэ гупми хэтт.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэ ильыным и телъхьэу» зэгухьэныгъэм и унафэщI къулыкъум щыпэрытми лъэпкъхэм яку мамырыгъэ, зэгурыIуэныгъэ, ныбжьэгъугъэ дэлъынымкIэ Iуэху щхьэпэ куэд иригъэкIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр егъэфIэкIуэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ Жантемыр къыхуагъэфэщауэ щытащ «ПщIэрэ щIыхьрэ» орденыр.

Иужьрей илъэсхэм ГуэбэщIыкIым республикэм и щIы Iуэхухэм теухуауэ щыIэ гугъуехьхэр зэфIэхыным и гуащIэшхуэ хилъхьащ. ХэкIыпIэхэр къэзыгъэнаIуэ проектхэр игъэхьэзырурэ мызэ-мытIэу утыку кърихьащ, къищынэмыщIауэ, адыгэбзэр курыт школхэм зэрыщрагъэджым теухуауэ щыIэ гукъеуэхэр къигъэнэIуащ.

Хабзэм тету сыт хуэдэ Iуэхури зэрызэфIихыным хущIэкъуу псэуащ ГуэбэщIыкIыр. ЖиIам тебгъуэтэж цIыхуу, зи щхьэ къезыхьэлIэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъуфу зи гъащIэр езыхьэкIа Жантемыр и фэеплъ нэхур зыхъумэнур ар къыщалъхуа Хьэтуей къуажэм и закъуэкъым, ар куэдрэ фIыкIэ ягу къагъэкIыжынущ зыцIыхуу щыта псоми. Апхуэдэ пщIэмрэ щIыхьымрэ абы къыхуахьащ екIуу дунейм зэрытетам, лъэужь дахэ абы къызэрыщинам.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 4,**
*щэбэт*

♦**Банкхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Информатикэм и урысей махуэщ**
♦**Индием и дзэ-тенджыз флотым и махуэщ**
♦**1707 гъэм** Урысейм щыяпэу Москва къыщызэIуахащ узыншагъэм щыкIэлъыплъ къэрал IуэхущIапIэ (иджыпсту ар Бурденкэ Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ сымаджэщ нэхъыщхьэрщ).
♦**1717 гъэм** Астрэхъан губерниер къызэрагъэпэщащ
♦**1791 гъэм** Лондон (Инджылыз) къыщыдэкIащ «The Observer» («Обсервер») газетым и япэ номерыр.
♦**1930 гъэм** Цюрих дэт техникэ еджапIэ нэхъыщхьэм и профессор Паули Вольфганг нейтроныр зэрыщыIэр къихутащ.
♦**1946 гъэм** Москва щызэпкъралъхьащ «Москвич-400» лIэужьыгъуэм и япэ автомобилыр.
♦**2009 гъэм** дунейм ехыжащ совет киноактёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата Тихонов Вячеслав.
♦**1907 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало ЛутIэ.**
♦**1927 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Тхьэркъуахъуэ Мэжид.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 14, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 5,**
*тхьэмахуэ*

♦**ЩIыгулъым и дунейпсо махуэщ**
♦**Езыхэм яфIэфIу жылагъуэ, бэм яфI зыхэлъ Iуэхухэм хэтхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэм елэжь зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ** - 1941 гъэм советыдзэхэм Москва деж нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр щрагъэкIуэтыкIыу хуежьащ.
♦**1936 гъэм** СССР-м и етIуанэ Конституцэр къащтащ. Ар тхыдэм хыхьащ «Сталиным и Конституцэ» цIэр иIэу.
♦**1936 гъэм** КъБАО-р КъБАССР хъуащ.
♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Лэскэн Езанэм щыIэ нэмыцэ быдапIэм теуащ, хэщIыныгъэшхуи иратащ.
♦**2003 гъэм** Кисловодск - Минеральные Воды мафIэгум теракт щалэжьащ. ЕтIуанэ вагоным къыщагъэуа лагъымым и зэран цIыху 231-м екIащ - 34-р абдежым щыхэкIуэдащ, уIэгъэ хьэлъэхэр ятелъу сымаджэщхэм яшахэм ящыщу цIыху 17 иужькIэ лIащ. ЦIыхуи 180-м фэбжь зэхуэмыдэхэр хахат.
♦**1915 гъэм** къалъхуащ Адыгейм щыщ къэрал лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пщыжь Пщымахуэ.**
♦**1916 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щыщ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуныжь Зэмахъшэрий.**
♦**1927 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Къумыкъу Тыгъуэн.**
♦**1938 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик икIи и президент, РАЕН-м и академик, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Нэхущ Iэдэм.**
♦**1960 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Жыласэ Заурбэч.**
♦**1992 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист **Быщтэ Азэмэт.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 6,**
*блыщхьэ*

♦**Пермь крайм и махуэщ**
♦**УФ-м и МВД-м наркотикхэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкIыныр зи нэIэ щIэтыну къудамэ къыщыщызэрагъэпэща махуэщ** (1991 гъэм)
♦**Тыркумэным щагъэлъапIэ зэгъунэгъуфIхэм я махуэр**
♦**Белоруссием щылажьэ юристым и махуэщ**
♦**Финляндие Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1917 гъэм унафэ къащтащ ар Урысейм и унафэм зэрыщIэмытыжым теухуауэ.
♦Балъкъэр щIэныгъэлI, философие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-мрэ Къалмыкъымрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Эфендиев Сэлихь** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 13 - 14, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Iугъуэ щагъэум цIыху щопсэу.**

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакIуэхэр ухуакIуэ **КъардэнгъущI Заур Назир и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Къардэнгъущl Женя Гъудэберд и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, дыгъэгъазэм и 6

### 1

**05.00, 09.25** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.50** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «Модный приговор» (6+)
**12.15, 01.05, 03.05** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Время покажет» с Артемом Шейниным (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «На самом деле» (16+)
**19.45** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.30** Т/с «Вертинский» (16+)
**22.40** «Док-ток» (16+)
**23.35** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.00** «Познер» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Судьба человека с Борисом Корчевниковым» (12+)
**12.40, 18.40** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** Т/с «Кулагины» (16+)
**17.15** «Андрей Малахов. Прямой эфир» (16+)
**21.20** Т/с «Ключ от всех дверей» (16+)
**23.35** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.20** Т/с «В зоне риска» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Мухтар. Новый след»
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.15** Сегодня
**08.25, 10.25** Т/с «Морские дьяволы. Северные рубежи» (16+)
**13.25** Чрезвычайное происшествие
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Горячая точка» (16+)
**23.35** «Основано на реальных событиях» (16+)
**01.20** Их нравы (0+)

### ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

**05.20** «Диверсанты». Докудрама
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 21.15** Новости дня (16+)
**09.20, 01.30** Х/ф «Шумный день» (16+)
**11.20, 21.25** «Открытый эфир». Ток-шоу (12+)
**13.25, 14.05, 03.35** Т/с «Белые волки» (16+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.30** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Наука и война» Д/с «Подвиг химиков» (16+)
**19.40** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным. «Альманах №82» (16+)
**20.25** «Загадки века с Сергеем Медведевым» Д/с «Жорж Пак «Крестный отец» Берлинской стены и самый высокопоставленный агент КГБ в НАТО» (12+)
**23.05** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.40** Х/ф «Военно-полевой роман» (16+)
**03.05** Д/ф «Раздвигая льды»

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**06.35** «Пешком...». Москва книжная
**07.05** Невский ковчег. Теория невозможного. Николай Гоголь
**07.35** Д/ф «Возрождение дирижабля»
**08.20** Х/ф «Академик Иван Павлов»
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.00** Муз/ф «Ансамбль Александрова»
**12.20** Д/с «Настоящее- прошедшее. Поиски и находки»
**12.50** Линия жизни. Павел Любимцев
**13.45** Д/с «Великие мифы. Илиада»
**14.10** Д/ф «Монологи кинорежиссёра»
**15.05** Новости. Подробно. АРТ
**15.20** «Агора». Ток-шоу с Михаилом Швыдким
**16.25** Д/ф «Александр Невский. За Веру и Отечество»
**17.20, 02.00** Сергей Доренский и ученики. Л.Бетховен. Соната N14 и N8
**18.05, 01.10** Д/с «Величайшие изобретения человечества»
**19.00** «Монолог актрисы. Майя Тупикова»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.20** Д/ф «Добро пожаловать, или Посторонним вход воспрещен». Без сюрпризов не можете?!»
**21.00** Торжественное закрытие XXII Международного телевизионного конкурса юных музыкантов «Щелкунчик»
**23.10** К 200-летию со дня рождения Николая Некрасова. «Муза мести и печали»

### МАТЧ!

**06.00** Профессиональный бокс. Джервонта Дэвис против Исаака Круса. Сергей Деревянченко против Карлоса Адамеса
**07.30, 09.00, 12.35, 15.40, 18.25** Новости
**07.35, 21.50** Все на Матч! Прямой эфир
**09.05, 12.40** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. Обзор тура (0+)
**10.25** Зимние виды спорта. Обзор
**11.35** «Есть тема!» Прямой эфир
**13.00** Профессиональный бокс. Джервонта Дэвис против Исаака Круса (16+)
**14.00, 15.45** Х/ф «Опасный Бангкок»
**16.05** Х/ф «Счастливое число Слевина» (16+)
**18.30** «Громко» Прямой эфир
**19.25** Хоккей. КХЛ. «Динамо» (Москва) - ЦСКА
**22.40** «Есть тема!» (12+)
**23.05** Тотальный футбол (12+)
**23.40** Х/ф «В лучах славы» (16+)
**02.00** Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Енисей» (Красноярский край)

## Гъубж, дыгъэгъазэм и 7

### 1

**05.00, 09.25** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.50** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «Модный приговор» (6+)
**12.15, 01.25, 03.05** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Время покажет» с Артемом Шейниным (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «На самом деле» (16+)
**19.45** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.30** Т/с «Вертинский» (16+)
**22.45** «Док-ток» (16+)
**23.40** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.20** «Михаил Пиотровский. «Хранитель» (12+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Судьба человека с Борисом Корчевниковым» (12+)
**12.40, 18.40** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** Т/с «Кулагины» (16+)
**17.15** «Андрей Малахов. Прямой эфир» (16+)
**21.20** Т/с «Ключ от всех дверей» (16+)
**23.35** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.20** Т/с «В зоне риска» (16+)
**04.00** Т/с «Личное дело» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Мухтар. Новый след» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.15** Сегодня
**08.25, 10.25** Т/с «Морские дьяволы. Северные рубежи» (16+)
**13.25** Чрезвычайное происшествие
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Горячая точка» (16+)
**23.35** «Поздняков» (16+)
**23.50** «Основано на реальных событиях» (16+)
**01.40** «Агентство скрытых камер» (16+)
**02.10** Т/с «Юристы» (16+)

### ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

**05.10, 13.25, 14.05, 03.35** Т/с «Белые волки» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 21.15** Новости дня (16+)
**09.20, 18.30** «Специальный репортаж» (16+)
**09.40, 01.35** Х/ф «Семь стариков и одна девушка» (16+)
**11.20, 21.25** «Открытый эфир». Ток-шоу (12+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Наука и война» Д/с «Летопись Победы» (16+)
**19.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Владимир Исаков (12+)
**20.25** «Улика из прошлого» (16+)
**23.05** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.40** Х/ф «Буду помнить» (16+)
**02.55** Д/ф «Военный врач Иван Косачев. Две пустыни. Огонь и лёд»

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**06.35** «Пешком...». Москва дворянская
**07.05, 20.05** «Правила жизни»
**07.35, 18.05, 00.55** Д/с «Величайшие изобретения человечества»
**08.25** Х/ф «Александр Попов» (16+)
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10** XX век. «Кирилл Лавров. Размышления...». 1987 г.
**12.05** Д/с «Забытое ремесло». «Телефонистка»
**12.20, 23.10** К 200-летию со дня рождения Николая Некрасова. «Муза мести и печали»
**12.55** Д/ф «Борис и Ольга из города Солнца»
**13.40** Д/с «Великие мифы. Илиада»
**14.05, 22.15** Т/с «Имя Розы» (16+)
**15.05** Новости. Подробно. Книги
**15.20** «Эрмитаж». Авторская программа Михаила Пиотровского
**15.50** «Сати. Нескучная классика...» с Дмитрием Корчаком, Александром Князевым и Ярославом Тимофеевым
**16.35** Д/ф «Люди. Роли. Жизнь»
**17.05** Д/с «Первые в мире». «Дальноизвещающая машина Павла Шиллинга»
**17.20, 01.35** Сергей Доренский и ученики. Николай Луганский. Ф.Шопен
**19.00** «Монолог актрисы. Майя Тупикова»
**19.45** Главная роль
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Искусственный отбор
**21.30** «Белая студия»
**00.00** XX век. «Кирилл Лавров. Размышления...»
**02.30** Д/ф «Австрия. Зальцбург. Дворец Альтенау»

### МАТЧ!

**06.00, 09.05, 12.35, 15.40, 18.25** Новости
**06.05, 19.35, 01.00** Все на Матч! Прямой эфир
**09.10, 12.40** «Специальный репортаж» (12+)
**09.30** Х/ф «Опасный Бангкок» (16+)
**11.35** «Есть тема!» Прямой эфир
**13.00** «МатчБол»
**13.30** Х/ф «Кулак легенды» (16+)
**15.10, 15.45** Х/ф «Рожденный защищать» (16+)
**17.10, 18.30** Х/ф «Тюряга» (16+)
**20.30** Футбол. Лига чемпионов. «Лейпциг» (Германия) - «Манчестер Сити» (Англия)
**22.45** Футбол. Лига чемпионов. «Реал» (Мадрид, Испания) - «Интер» (Италия)
**02.00** Футбол. Лига чемпионов. «Милан» (Италия) - «Ливерпуль» (Англия) (0+)
**03.55** Новости (0+)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - **24.00** «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, дыгъэгъазэм и 7**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Ди лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «Инэмыкъуэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Инэмыкъуэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 8**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** – «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ»
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жыра» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъыдэж» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, дыгъэгъазэм и 9**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Гукъыдэж» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Журналист ныбжьыщIэхэм я псалъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Журналист ныбжьыщIэхэм я псалъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, дыгъэгъазэм и 10**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** – Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, дыгъэгъазэм и 11**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.15** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус -99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Дэрэжэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус -99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 12**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)



*Бахъсэн мылылъэр*

ДифI догъэлъапIэ • Хъыбар гуапэ

# Адыгэгу зиIэ, лъэпкъыпсэ зыIут Къущхьэ Догъэн

## и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу



**ЦIыхум и гум, и псэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щигъафIэ хабзэщ, ар лэжьыгъэм, унагъуэм ехьэлIауэ щрет е гъащIэм щыщ нэгъуэщI хъуэпсапIэхэм епхауэ ирехъуи. Зи унагъуэ исыж, зи Хэку щыпсэуж цIыхум зыхимыщIэн куэд хэхэсхэм я гущIэ лъапсэм зэрыщаIыгъым сэ шэч къытесхьэркъым. Ар куэдрэ хьэкъ тщохъу, хамэ къэралхэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм я гурыгъугурыщIэхэр къыщытхуаIуатэкIэ, адыгэ лъэпкъым ехьэлIауэ ящIэфымрэ ялэжьыфымрэ ди нэгу щыщIэкIкIэ. Сыт хуэдэ Iуэхум епхауэ щытми, ар тIасхъэ хъуа иужьщ нэхъ ерыщу цIыхур абы елэжьын щыщIидзэр. Арагъэнщ адыгэ макъамэм, уэрэдым, ахэр усынымрэ утыкум щыгъэзэщIэнымрэ яужь щIихьауэ щытар зи махуэр зыгъэлъапIэ адыгэлI ахъырзэманыр. Хэкупсэ нэсу зэрыщытыр зи IуэхущIафэкIи дуней тетыкIэкIи наIуэ зыщI, адыгэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэу щыта хьэпшып куэдыкIейхэр зэхуэзыхьэсыжауэ зыхъумэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ди щIэджыкIакIуэхэми республикэм щыпсэу нэгъуэщI куэдми фIыуэ яцIыху Къущхьэ Догъэн и ныбжьыр дыгъэгъазэм и 3-м илъэс 65-рэ ирикъуащ.**

«ХЭКУР хэкущ, дызэрыцIыкIу лъандэрэ абы и хъыбарым дыкъыщIэтэджащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ущыщыIэм и деж, мыр си уафэщ, мыр си щIылъэщ жыбоIэри, уи псэм зегъэпсэху. ДэнэкIэ щыпсэу адыгэхэми ящыщу къэкIуэжыфыр къэкIуэжын е хамэ къэрал кIуэуэ зыщагъэпсэху нэхърэ Хэкужьым зыщаплъыхьыныр нэхъ ягъэнэхъапэу щытын хуейщ», - жеIэ щыпсэу Тыркум къикIыу, Iэмал, щхьэусыгъуэ къыкъуэкIыххэмэ, зи лъэр лъахэм къэзыху Догъэн. Илъэс зыбжанэкIэ къэмыкIуэжыфауэ, 2019 гъэм Налшык щыхьэщIат ар. Абы щыгъуэ дыщыхуэзам уи фIэщ хъунтэкъым гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэу абы и нэгум кърихыр, и ныбжьэгъухэр зэрилъэгъуам, зэрабгъэдэсам, ди лъахэм и щIыпIэ куэдым и лъэр зэрынихусам игъэгушхуауэ.

Догъэн игъэзащIэ уэрэдхэр цIэрыIуэщ, и макъым цIыхубэр дехьэх. Абыхэм я лъабжьэр лъэпкъым и тхыдэрщ, и гукъеуэрщ нэхъыбэу. УэрэдкIэ нэхъ къацIыху хъуами, музыкэм хуеджакъым Догъэн, апхуэдэ IэщIагъи иIэкъым. Техникэ институтым щригъаджэу щытащ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ къэрал Iуэхум къыпыкIауэ езым хьэрычэт ещIэ, Японием, Германием, Голландием щыIэ завод гуэрхэм я дилеру мэлажьэ. Станокхэр кърагъашэ, ягъэув, ахэр зыгъэлэжьэну IэщIагъэлIхэр ягъасэ. Абы къыдэхуэ зэман тIэкIур адыгэ Iуэхум - уэрэдхэм, IуэрыIуатэм, хъыбархэм, Хасэм - ятрегъэкIуадэ.

Къущхьэм зэрыжиIэмкIэ, Тыркум щыпсэу адыгэ лIыжь-фызыжьхэм жаIэжу кIуэдыжыным нэса уэрэдыжьхэр, хъыбархэр, псалъэжьхэр, таурыхъхэр, тхыдэм теухуа гукъэкIыжхэр зэщIэкъуэжынырщ, зэхуэхьэсыжынырщ Iуэхур къыщежьар. «Ахэр, Iэмал имыIэу, лъэпкъым и пащхьэ ихьэжын хуейт. Компьютери диктофони щымыIэу, IуэрыIуэтэжу, зы жьэм жьэдэкIмэ, адрейм жьэдыхьэурэ ди деж къыщахьэсыфакIэ, дэ Iэмалу диIэр къэдмыгъэсэбэпыныр икIи емыкIут икIи гуэныхьт», - жеIэ Догъэн. Апхуэдэу зэхуихьэсыжа уэрэдыжьхэращ зэман ипэкIэ къыдигъэкIа дискитIым тетыр. ТыркумкIи КъэбэрдеймкIи псынщIэ дыдэу щызэбгрыкIащ ахэр, радиокIи куэдрэ къат. Ар апхуэдэу къыщIапхъуэтар лъэпкъым и гум къыдэкIащ, адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэ зыми и щIасэ бзэжькIэ тхащи аращ. Абы тетщ Къэбэрдейм щауса зыбжани, Догъэн игу ирихьу хигъэхьауэ. Уэрэд тIощIрэ тхум нэс щызэхуэхьэсауэ иужькIэ къыдигъэкIа дискитIым тетыр къанэ щымыIэу псори Тыркум щаусащ. ИстамбылакIуэм и гугъу зыщI, адыгэхэм я щхьэм кърикIуам тепсэлъыхь уэрэд гуузхэри, лъагъуныгъэ, гуфIэгъуэ уэрэдхэри яхэтщ абыхэм.

Ди хэку дыщыпсэужу дызыIууэ Iуэхущ анэдэлъхубзэр ди щIэблэм къазэрыIурытчыр, абыкIэ псалъэхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъур. Апхуэдэ гукъеуэм хэхэсыр щыхъума хъун-тIэ?

- Нэхъ пасэхэм адыгэхэм захъумэжыну нэхъ тыншт, къуажэ цIыкIухэм зэрыIыгъыу дэсти. Адыгэхэр нэхъыбэ хъущ, къуажэ цIыкIухэм я экономикэм ахэр къимыгъэшхэжу хуежьэри, 1960 гъэхэм яужькIэ, къыдэкIыурэ къалэхэм Iэпхъуэу щIадзащ. Иджыпсту, къапщтэмэ, процент 20 хуэдизщ ди лъэпкъэгъухэм ящыщу къуажэхэм къыдэнар, адрейхэм къалэшхуэхэр псэупIэ яхуэхъуащ. Мис ар зэран хъуащ ди щхьэр, ди бзэр, ди хабзэхэр тхъумэжынымкIэ, - жеIэ Догъэн. - Сэ 1956 гъэм сыкъалъхуащи, си ныбжьыр илъэсибл хъууэ пэщIэдзэ классым сыщыкIуам, тыркубзэ сщIэртэкъым, си цIэмкIэ къызэупщIмэ, жэуап схуетыртэкъым. Иджыпсту къуажэхэм удыхьамэ, зы сабий адыгэбзэ ищIэу щыбгъуэтыжынукъым. Лъэпкъ гукъеуэ зэрылъ унагъуэ закъуэтIакъуэххэм ирагъащIэ я бынхэм адыгэбзэ. Иджыпсту илъэс пщыкIутху-тIощI зи ныбжь щIалэгъуалэм, зэман дэкIмэ, зэбгъэдэтIысхьэу адыгэбзэкIэ зэпсэлъэфыну къахэкIынур мащIэ дыдэщ. Пэжщ, иджыри зыкъомрэ дэ дыадыгэщ жаIэнщ, ауэ бзэр яIэщIэхумэ, абы хабзэми щэнхабзэми щыщ куэд здихьынущ. ЖысIэну сызыхуейращи, егъэлеяуэ псынщIащэу дыхокIуэдэж, къалэхэм дэкъухьа дызэрыхъуам и мызакъуэу, глобализацэ жыхуэтIэу къежьа Iэмал куэдыкIейхэм я «фIыгъэкIэ». Аращ нэхъ гукъеуэшхуэу диIэр, абы нэхърэ нэхъ гузэвэгъуи щыIэу си фIэщ хъуркъым. Насып зиIэм и Хэкужь къигъэзэжынщ, я щIыпIэр псэупIэ ящIыжынщ, апхуэдэу мыхъумэ, «Мысырми щыпсэурт адыгэ» жыхуаIэм дыщыхуэкIуэну зэманыр жыжьэкъым.

Къущхьэ Догъэн хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ дызэрыщIэ, нэхъ тыншу дызэкIэлъыкIуэ, ди зэпыщIэныгъэхэри нэхъ быдэ зэрыхъуам мыхьэнэшхуэ иIэу къелъытэри, абы щогуфIыкI. Хэкум къыщыIу макъамэхэм, къафэжьхэм Тыркум щыпсэу пшынауэхэр еуэу хуежьащ, хэхэсхэм я къэфэкIэр мыбы къэсауэ утыкухэм щагъэзащIэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм хузэфIэкIам я нэхъыщхьэщ Тыркум щыпсэу сабийхэр Налшык къакIуэ, хэкурыс ныбжьыщIэхэр Тыркум еблагъэ зэрыхъуар. «Абыхэм я зэныбжьэгъугъэр уасэ зимыIэщ, арщхьэкIэ ирикъуркъым, мащIэщ, нэхъыбэж тщIэн хуейщ. Тыркум и къуажэхэм дэсщ нэхъыжьыфIхэр, Налшык дэнэкIэ гъэзами ямыщIэу, ауэ я пщIыхьэпIэ IэфIхэм хэту, - жеIэ Догъэн. - Апхуэдэхэр Хэкум къэшамэ, махуэ зыбгъупщIкIэ щыгъэIамэ фIыт. КIуэжынти, я къуажэдэсхэм, благъэ-Iыхьлыхэм хъыбар хуаIуэтэжынт. Мис абы ди Iэр зэрыхунэмысамкIэ ДАХ-м апхуэдиз илъэскIэ хэта сэри къуаншагъэ збгъэдэлъщ».

Зыгуэр къыгурыIуэ зэрыхъурэ зы махуи, зы сыхьэти дэмыкIауэ адыгэм и къэкIуэнум егупсыс Догъэн игъэщIагъуэу зы Iуэху бгъэдыхьэкIэ къысхуиIуэтэжат илъэситI ипэ сыщыIущIам. Ар философие куу зыщIэлъ къысщохъу, икъукIэ згъэщIэгъуауэ зэрыщытам щхьэкIи къытызогъазэ. «Израилым сыщыIэу сызрихьэлIа зы Iуэхугъуэ гуэрщ пхуэсIуэтэжынур, Залинэ, - къыщIедзэ и хъыбарыр. - 1999 гъэхэра къыщIэкIынт, Кфар-Камэ къуажэ цIыкIум дэс адыгэхэм срагъэблэгъащ, мэз лъапэм деж тIэкIу дыщысынщ, жаIэри. Дыуэршэру дызэхэсу урыс уэрэд къэIуащ тпэмыжыжьэу щыс гупым къыхадзауэ. Ахэр хэт сымэми сыщыщIэупщIэм, Урысейм къикIа журтхэрауэ къызжаIащ. Абыхэм дахыхьэну зэрысфIэфIыр щыжысIэм, си гукъэкIыр къыздаIыгъащ. Сахоплъэри согъэщIагъуэ, псори зэрызэпсалъэр урысыбзэщ, езыхэри урыс нэгущ. Зы журт щIалэ псэлъэгъу къысхуэхъуащи, соупщI: «Ди лъэпкъэгъущ жыфIэу къэфшэжа щхьэкIэ, псори урысыфэщ, мыр дауэ?» Жэуапу къызитар гъэщIэгъуэнщ. «Ди бжыгъэр хэдгъэхъуэн хуейщи, сыжуртщ жызыIэр псори дэнэ къэрали къыдош. Израилым зы лэгъуп щыдгъэуващи, абы хыдодзэ, тIэкIу къыдогъэкъуалъэри, журт хъуауэ къыхыдохыж» (!) Дэ апхуэдизри дыгъэвэн хуей мыгъуэтэкъым, тIэкIу «дагъэвэпхъамэ» хэкурыс адыгэ дыхъужынурэ дежьэжынут. Мис а «лэгъупым» хуэдэ Хэкум щаухуэн хуейщ ди унафэщIхэм».

1995 гъэм къэкIуэжри, илъэс зытхухкIи щыпсэуат хэкум Догъэн и унагъуэр. Абы кIыхьу тепсэлъыхьыну фIэфIкъым, и Iуэхур тэмэму хузэтемыублэурэ, игъэзэжауэ аращ. АрщхьэкIэ хэкум сыкIуэжащэрэт жимыIэу зы махуи дэкIкъым Догъэн, зы сыхьэти лъахэр и гум ихуркъым. Иджыри и мурадщ къэкIуэжыну, унэ-лъапсэ тIэкIу зэригъэпэщу, нэхъыбэм мыбыкIэ щыIэу, Тыркум кIуэжрэ благъэ-Iыхьлыхэр ялъагъуу зэтриублэну.

Хэкужьым пэIэщIэу псэуами, я дуней еплъыкIэм тIэкIу зихъуэжами, ахэр лъэпкъым зэрейр зэи щыгъупщэркъым Догъэн, и хъуэпсапIэу щыIэм я нэхъ IэфIхэри аращ зэпхар. АтIэ и гум илъым и Iэр техуэу, и унагъуэр хуэузыншэу, гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ иIэу и илъэс 65-м зэрыIущIам хуэдэу иджыри куэдрэ псэуну дыхуохъуахъуэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# И хъуэпсапIэр къехъулIащ

**УФ-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Художествэхэмкlэ Урысей академием хэт, ЩIДАА-м, европей академие зыбжанэм я академик КIыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ икIи и арт-менеджер Мосс Жаклинрэ Налшык Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ и проспектым щаухуагъащIэ унэм 2018 гъэм къыщащэхуа фэтэрым ехьэлIауэ зыхэхуа хьэлэбэлыкъым теухуа хъыбарым газетеджэхэр ипэIуэкIэ фыщыдгъэгъуэзат.**

ИСПАНИЕМ щыпсэу, Налшык щIэхщIэхыурэ къэкIуэж ди хэкуэгъу сурэтыщI цIэрыIуэм куэд щIауэ и хъуэпсапIэт и лэжьыгъэхэр щихъумэн музей къызэIуихыну. Арат метр зэбгъузэнатIи 140-рэ хъу фэтэрыр зэщхьэгъусэхэм «Республикэм и ипотекэ агентствэ» IуэхущIапIэм и деж къыщащэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Фэтэрым и IункIыбзэIухыр Мухьэдинрэ Жаклинрэ нэгъабэ къаIэрыхьэжри, ар езыхэр зэрыхуейуэ зрагъэхьащ. Урысей реестрым фэтэрыр щрагъэтхым, нэхъ ипэIуэкIэ а фэтэрыр тIэунейрэ ящауэ къызэрыщIэкIар зэщхьэгъусэхэм щхьэжэ ящыхъуат.

КIыщ Мухьэдин къыщыщIам игъэгузавэу республикэм и гъуазджэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм пэрыт цIыху гупым хуагъэхьа тхыгъэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэплъащ икIи ар зэхагъэкIыну пщэрылъ ящищIащ и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ ЛIуп Индрисрэ республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдинрэ. Ахэр зэщхьэгъусэхэм яIущIа, зэпсэлъа нэужь, фэтэрым гъуазджэ, щэнхабзэ зэхыхьэхэр, выставкэхэр къыщызэрагъэпэщыну хуитыныгъэ иратащ. ГъуазджэхэмкIэ КIыщ Мухьэдин и унэм мыхьэнэшхуэ зэриIэнум, литературэ, макъамэ пшыхьхэр, концертхэр абы зэрыщрагъэкIуэкIынумрэ сурэтыщIхэм, тхакIуэхэм, музыкантхэм ар я кIуапIэ зэрыхъунумрэ шэч къытетхьэркъым.

КIыщ Мухьэдин и цIэр зезыхьэ унэIуэхущIапIэм сурэтыщIым и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэмрэ и библиотекэмрэ щызэхуахьэсащ. Художникым и сурэт телъыджэхэр, гъуазджэмкIэ тхылъхэр республикэм къыхуигъэнэным ехьэлIа и хъуэпсапIэр абы къызэрехъулIар гуапэщ. ФIыщIэшхуэ яхуэфащэщ щэнхабзэм и зы IуэхущIапIэ тыгъэ къытхуэзыщIыну гукъэкI зыщIа зэщхьэгъусэхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**




## Анэм лъэгу щIэтын зыхуэщI

**♦Гъатхэ дыгъэ си нысэ типси, бжьыхьэ дыгъэ сипхъу типсэ.**
**♦Къуэфl и анэ гуфlэ щигъащlэркъым.**
**♦Ажалым умылъыхъуэ, езым укъигъуэтынщ.**
**♦Гум фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ.**
**♦Акъыл зимыIэм насып иIэкъым.**
**♦Анэм лъэгу щIэтын зыхуэщI.**
**♦Зи щхьэ уи унэ исым и псэ уи унэ илъщ.**
**♦Зи Iуэху зыфIэмыбэрэ зи бын зыфIэмыдахэрэ щыIэкъым.**
**♦АкъылыфIэм делэми бзэ къыхуегъуэт.**

## Уэщыщхьэм уэщыкIри зэрыкIэлъыидзар

Бэзэрым зылI тетт туфлъэ щIэрыпситI лъыгъыу. Абы къыбгъэдыхьащ имыцIыху лIы гуэр икIи, и ныбжьэгъужь хуэдэ, къыдэуэршэру хуежьащ.

- Къысхуэгъэгъу, ауэ сэ уэ усцIыхуркъым, - жиIащ туфлъэщIэхэр зылъыгъ лIым.

- ЛIо, туфлъэщIэ къызэрыпщэхуу уи ныбжьэгъухэр умыцIыхуж ухъуауэ ара? - и жагъуэ ищI хуэдэу зищIащ модрейм, къапхъуэщ, лIым и шляпэр къыщхьэричщ, унащхьэм дридзейри зигъэбзэхыжащ.

Мыдрейм къыщыхъуащ ар чэф гуэру. ИщIэнур имыщIэу здэщытым, абы къыбгъэдыхьащ имыцIыху нэгъуэщI зылI икIи дыхьэшхыурэ жиIащ:

- Напэншагъэ хэлъу ауан укъищIащ абы, пэжкъэ? ЩхьэпцIэу ухэмыт мы дыгъэ гуащIэм. Уи пыIэр щхьэ къыумыхьэхыжрэ?

- Унащхьэ лъагэм дауэ сыдэпщеин? ПкIэлъей зэрызимыIэр плъагъуркъэ?

- Сэ сыбдэIэпыкъунщ, - жиIащ лIы мыцIыхум.

- Къытеувэ мыдэ си дамащхьэм, сэ ущIэсIэтэнщи, адэкIэ тыншу удэкIуеинщ. Хъункъэ?

Туфлъэхэр зейм лIы имыцIыхум фIыщIэ хуищIащ. Модрейм зригъэзыхри, лIыр и дамащхьэм тригъэувэри зыкъиIэтыжащ. ЛIыр адэкIэ дэбэкъуеину щыхуежьэм, мыдрейр къэгубжьащ:

- УгъэщIэгъуэнщ уэ! Уи пыIэр къепхьэхыжыну уопIащIэ, ауэ щыхъукIи си джанэр зэрыбутэр къыпфIэIуэхукъым. Уи туфлъэхэр, зэрыщIэм щхьэкIэ, я лъэгур мыфIей уи гугъэрэ? Си джанэр сфIэбуцIэпIащ.

ТуфлъэщIэхэр зейм ахэр псынщIэу зылъигъэпкIри, лIы мыцIыхум къритащ, езыр лъэпэд лъапцIэу унащхьэм дэкIуеящ. И пыIэр къищтэжыну щыIэбэм, жьы къыкъуэури ирихьэжьащ. Къехыжыну къызэплъэкIмэ... лIы мыцIыхур щIэпхъуэжауэ, туфлъэщIэхэр къыхуигъэджэгуу цIыху Iувым яхэлъэдэжырт. Арати, зэрыжаIэу, уэщыщхьэм уэщыкIри кIэлъыидзащ.

**Юань Мэй**, *китай тхакIуэ*
*ЗэзыдзэкIар*
**КЪАГЪЫРМЭС Борисщ**.



## Джэдыл гъэбэкхъа

АБЫ ЩХЬЭКIЭ нэхъ къащтэр джэдыжьщ. Джэд гъэкъэбзар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхьэщIыж. Джэдыл Iыхьэхэр шынакъ мыулъиийм иралъхьэ, шыгъу, губгъуэпхъ, мыцIыкIу дыдэурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бурш мыхьэжа, IупщIэ цIыкIуурэ упщIэта шыбжий сыр мыхьэжа халъхьэ. Псы щIыIэ тIэкIу хакIэри, фIыуэ зэIащIэ, бжьыныпсыр фIыуэ къыщIахуху. Шынакъыщхьэр трапIэжри, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ щIыIапIэм ягъэув сыхьэти 8 - 10-кIэ е нэху кърагъэкI. А зэманым къриубыдэу джэдылыр зэ-тIэу зэIащIэ. Щагъэжьэнум деж джэд Iыхьэхэм кIэрыпщIахэр къыкIэрахри, езы джэдылыр ягъэгъущ, тебэ куукIэ тхъу къагъэплъ, джэдыл Iыхьэ гъэгъущахэр абы халъхьэ, мафIэр ину блэуэ, зэрагъэдзэкIыурэ ягъажьэ тхъуэплъ дахэ хъуху. ИужькIэ псывэ щIакIэ, мафIэр цIыкIу ящIри, тебащхьэр тепIауэ ягъэбэкхъ, псыр щIэвэщIэным нэсыхукIэ. ИтIанэ, зэIащIэурэ, шатэпс щIакIэ, бжьыныху уба халъхьэ, тебащхьэр трапIэжри, мафIэ щабэ дыдэм тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ, тебэр къытрахыж, джэдгын траудэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэт. ЗэрызэщIэлъу Iэнэм пщтыру трагъэувэ. Дашх пIастэ хуабэ, мырамысэ.

*Халъхьэхэр* (цIыхуитху Iыхьэ):

Джэдылу - г 1000,

Тхъууэ - г 180-рэ

Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100,

Псывэу - г 300,

Бжьыныху укъэбзауэ - г 30,

Шатэпсу - г 300,

Шыгъуу, шыбжийуэ, губгъуэпхъыу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

## ФIыщIэ

САБИЙ гуэр зеиншэ хъури, и Iыхьлы жыжьэм зришэлIэжат. Сабийр къэзыщтэжа лIыр къыхуэгущIэгъуншэт: щIалэ цIыкIум щIэх-щIэхыурэ удын гъущэ иридзырт, езыр шха нэужь, къанэр къыхуидзырт, и ней къыщыхуэмэ, щIыунэм щIидзэрти, сыхьэт бжыгъэкIэ щIигъэсырт, нэгъуэщI сабийхэм ядигъэджэгуртэкъым.

Зэгуэрым а псор хуэмышэчыжу щIалэ цIыкIур къыщIэпхъуэжащ. Куэдрэ къызэхикIухьащ абы дунейр: щIакхъуэ Iыхьэ щхьэкIэ лъаIуэу, къыздыпэщIэхуэм щыIурихыу. Зэгуэрым ар тежеящ дзэ хуэIухуэщIэхэм щыхуагъасэ школым и бжэщхьэIум. Школым и гъэсакIуэр апхуэдизкIэ лъэщти, и хъыбарри жыжьэ нэсат. Абы зришэлIащ щIалэ цIыкIур, дзэ хуэIухуэщIэхэми хуигъэсащ. Илъэсхэр кIуащ. ЩIалэ цIыкIур и гъэсакIуэм лъэщIыхьэжащ IэзагъкIэ. ГъэсакIуэр щылIэм и школыр щIалэм къыхуигъэнащ. Зэгуэрым щIалэр и гъэсэнхэм я гъусэу и сабиигъуэр щыкIуа щIыпIэхэм къыщыхутащ. Куэбжэпэ гуэрым деж щыст щIалэм и благъэ ткIийр.

- Мо лIыжьращ сыкъызыфIыщIэпхъуэжауэ щытар, - яжриIащ абы и гъусэхэм.

Модрейхэм я къамэхэр кърапхъуэтат я гъэсакIуэм илъ ящIэжыну. Ауэ щIалэм къигъэувыIащ ахэр:

- Сэ абы фIыщIэшхуэ хузощI. Иджыпсту сиIэ псори абы и фIыгъэкIэ зыIэрызгъэхьащ. Сэ сызэрыхъунур хэтыт зыщIэр, ар мыхъуамэ?

**КЪЭБАРТ Мирэ**.

## Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Дунейр щыуаем щатIагъэ щыгъын. **6**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник ... Анатолэ. **7**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щежэх псы. **8**. Пасэрей хъыбарегъащIэ. **9**. ЩIымахуэм щыгъыным хищIэ хьэпIацIэ къэзылъэтыхь. **13**. Сталиным и зэманым СССР-м и ВЦИК-м, Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и лIыщхьэу щытам и цIэр зезыхьэ къалэ. **14**. ... лъакъуэрэ джэд лъакъуэрэ зыубыда щыIэ? **17**. ПIастапхъэ. **20**. IэщIэвыщIэ. **21**. Хьэкъущыкъу. **22**. ЩIыпIэ хуабэхэм хьэлъэзехьэу къыщагъэсэбэп псэущхьэ.

***Къехыу:*** **1**. Чы-... бжыхь. **2**. Бразилием щекIуэкIа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыжьын медаль къыщызыхьа адыгэ щIалэ. **3**. НысащIэр къызыхэкIа унагъуэр. **4**. Зи ... исым и уэрэд кърещ. **5**. ХадэхэкI. **10**. Куэдрэ щыта махъсымэм и лъащIэм щIещIэ. **11**. Ди гъунэгъу цIыхубзым ... фIыцIэ и пэшэгъуу жаIэ. **12**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **14**. Кэнжэ къуажэм щыпсэу адыгэ усакIуэ, журналист. **15**. ... фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ. **16**. Махъсымэ щащIкIэ халъхьэ пщагъэ. **18**. ЦIыху сымаджэм ... хуэщIыпхъэщ. **19**. Алыхь Iэмырым ерыщу тет цIыху.




*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**.

### ЩэкIуэгъуэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Хъуржын. **6**. Мэрем. **7**. Сэлэт. **9**. Акъбащ. **12**. Хыв. **13**. Ужьэ. **14**. Зым. **15**. КъуанщIэ. **17**. Дурэш. **20**. ЩIэблэ. **21**. УнэIут.

***Къехыу:*** **1**. Тхъупс. **2**. Быхуэ. **3**. Жэпкъ. **4**. Амыщ. **8**. Ливан. **10**. Бэзэр. **11**. Ежьу. **15**. КъуащIэ. **16**. ЩIалэ. **18**. Уанэ. **19**. Шатэ.

## Вавилон

ВАВИЛОН, Вавилонием и къалащхьэр (иджыпсту Иракым и Iэхэлъахэм хеубыдэ), зыухуауэ щытар пащтыхь Навуходоносор ЕтIуанэрщ. Ар зэманкIэ зыхуэзэр ди эрэм и пэкIэ VI лIэщIыгъуэрщ. А лъэхъэнэм къалэ дахащэу икIи бейуэ щытащ Вавилоныр. Къалэм дэт уардэунэхэмрэ члисэхэмрэ къаухъуреихьырт метр 18 зи лъагагъ, километр 13 зи кIыхьагъ блынхэм.

XIX лIэщIыгъуэм щIыр къыщатIым къалэ ухуэныгъэхэм щыщу къагъуэтыжар Вавилон и куэбжэ абрагъуэрщ. Абы зэреджэр Иштарт.

Навуходоносор щхьэгъусэ ищIауэ щытащ пащтыхьыпхъу Амитис. Ар и хэкум щыIэ бгыхэмрэ къырхэмрэ хуэзэшырти, Навуходоносор унафэ ищIауэ щытащ и пащтыхь гуащэм и хэкур игу къэзыгъэкI жыг хадэхэр хухасэну. Ахэр иужькIэ цIэрыIуэ хъуащ «Семирамидэ и хадэ фIэдзакIэ» еджэу. Апхуэдэу щIыжаIэр жыгхэр бгым тету къыпщигъэхъуу террасэхэм трасати арат. Абыхэм механизм зэтеублакIэ псы щIагъэлъадэрт, нэхъ гъунэгъуу ежэх псым къыхашурэ.

Нэхъ пасэм Семирамидэ и хадэ фIэдзар дунейм и телъыджиблым хабжэу щытащ.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ**.





# Министрым ирегъэблагъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Спортымкlэ и министерствэм пресс-конференц щекlуэкlащ. Журналистхэм яlущlащ спортымкlэ министр Хьэсанэ Ислъамрэ тэмэму зэхэзымыххэм тхэквондомкlэ я дунейпсо чемпионатым щытекlуа Сатушы Мадинэ, Жылэ Татьянэ, абыхэм я тренер Ахъмэт Амир сымэ.**

МИНИСТРЫР пщащэхэм ехъуэхъуащ чемпионатым къыщагъэлъэгъуа зэфlэкl лъагэхэм папщlэ икlи абыхэм я гъэсакlуэм фlыщlэ хуищlащ ди пщащэхэм республикэр Урысейпсо, дунейпсо утыкухэм зэрыщаlэтым къыхэкlыу.

Журналистхэм я упщlэ зэмылlэужьыгъуэхэм жэуап зэпкърыха кърататщ Мадинэ, Татьянэ, Амир сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ зэхьэзэхуэхэм зэрызыхуагъэхьэзырым, текlуэныгъэ нэужьым зыхащlахэм къыщыщlэдзауэ дызыхуэкlуэ зэманым яlэ мурадхэмрэ я хъуэпсапlэхэмкlэ иухыжу.

Ахъмэт Амир Къэбэрдей-Балъкъэрым Спортымкlэ и министерствэм фlыщlэ хуищlащ ныбжьыщlэхэм зыщагъасэм деж сыт и лъэныкъуэкlи щlэгъэкъуэн къазэрыхуэхъум папщlэ. Къызэхуэсахэм яжриlащ здынэсам къыщыувыlэн мурад зэрамыlэр, атlэ иджыри лэжьыгъэшхуэ къазэрыпэщылъыр.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, щэкlуэгъуэм и 18 - 24-хэм Тегеран щекlуэкlащ тэмэму зэхэзымыххэм тхэквондомкlэ я дунейпсо чемпионат. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм утыку къыщихьащ тхэквондомкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр школым и гъэсэнхэу Сатушы Мадинэрэ Жылэ Татьянэрэ.

Япэ зэlущlищым псори зэхэту 106:8-уэ шэч къызытумыхьэн текlуэныгъэхэр къыщызыхьа Сатушы Мадинэ финалым 35:0-у щыхигъэщlащ Тыркум щыщ, Сурдолимп джэгухэм я иджырей чемпион Ясичи Мерве икlи зи хьэлъагъыр килограмм 49-м нэблагъэхэм я деж дунейпсо чемпион щыхъуащ.

Мы текlуэныгъэм и фlыгъэкlэ Мадинэ игъэзэщlа хъуащ Урысей Федерацэм спортымкlэ щlыхь зиlэ и мастерым и мардэр.

Зи хьэлъагъыр килограмм 67-м щlигъухэм я деж Жылэ Татьянэ япэ зэlущlитlым щытекlуащ. Арщхьэкlэ финал нықъуэ зэпэщlэтыныгъэм щыуагъэ lэщlэкlам и зэранкlэ къыхуэхьар домбеякъ медалщ.

Иджырей чемпионатым къыщагъэлъэгъуа зэфlэкlхэм япкъ иткlэ зэхагъэувэнущ 2022 гъэм Бразилием щекlуэкlыну Сурдолимп джэгухэм хэтыну Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Дунейпсо чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

**Къэзан дэт, щхьэзакъуэ зэзауэхэмкlэ «Ак Барс» уардэунэм щекlуэкlащ мыолимп тхэквондомкlэ Урысей Федерацэм и чемпионатрэ зэхьэзэхуэрэ. Абы хэтащ къэралым и щlыналъэ 52-м къикlа спортсмен 900-м щlигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лlыкlуэхэм Тэтэрстаным щызыlэрагъэхьащ медаль зэмылlэужьыгъуэу 10.**

«МАСОГИ» лlэужьыгъуэм щызэуа, килограмм 58-м нэблагъэ зи хьэлъагъ ди лъэпкъэгъу Апхудэ Тимур чемпионатым и дыжьын медалыр къихьащ. А хьэлъагъ дыдэм, ауэ ныбжьыщlэхэм я зэхьэзэхуэм япэ увыпlэр щызэдагуэшащ Дыкъ Артёмрэ Исаков Амиранрэ.

Килограмм 64-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я зэпэщlэтыныгъэм домбеякъ медалыр щызыlэригъэхьащ Къалэ Амир.

Зи ныбжьыр илъэс 12 - 14-хэм итхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм щызэуа гупхэм къапэлъэщын къахэкlакъым икlи дыщэ медалхэр къыщахьащ Къалэ Самирэ (кг 35-рэ), Къалэ Лянэ (кг 45-рэ), Кетенчиев Мурат (кг 35-рэ) сымэ.

Гуп зэпеуэм утыку къыщихьа Дыкъ Артём, Исаков Амиран, Къалэ Амир сымэ пэщlэдзэ зэlущlэхэр фlы дыдэу ирагъэкlуэкlащ, арщхьэкlэ финалым зы балл закъуэкlэ къыщыхагъэщlащ Киров областым и гуп къыхэхам икlи ныбжьыщlэхэм я Урысейпсо зэхьэзэхуэм дыжьын медалхэр къыщахьащ.

Урысей Федерацэм и чемпионатымрэ зэхьэзэхуэмрэ къыщагъэлъэгъуа зэфlэкlхэм япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмени 7-м lэмал ягъуэтащ тхэквондомкlэ дунейпсо чемпионатрэ зэхьэзэхуэу илъэс къакlуэ бадзэуэгъуэм и 11 - 15-хэм Харьков къалэм щекlуэкlынум хэтыну.

Ди республикэм и командэ къыхэхар ягъасэ Бэлахъуэ Елдаррэ Абазэ Азэмэтрэ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Зи lэщlагъэм хуэlэзэ бзылъхугъэ гумызагъэ

**Зэгурыlуэрэ зэдэlуэжрэ зэрылъ унагъуэшхуэм хуэдэу дызэдолажьэ, дызэдопсэу «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щыlэхэр. Абы щызекlуэ lуэху зехьэкlэм и лъабжьэщ лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ хъумэныр, нэхъыжьым и пщlэр lыгъыныр, нэхъыщlэм гъуэгу етыныр. Редакцэм щылажьэ нэхъыжьыlуэхэми ядэплъейрэ ди лэжьэгъу ныбжьыщlэхэми щапхъэфl зытрахыу гупым къытхэтхэм ящыщщ къыщалъхуа махуэ дахэр нобэ зыхуэдгъэлъапlэ Ныр (Зыхьэ) Саидэ. Зи псэр къабзэ, зи гур хуабэ а бзылъхугъэ щыпкъэр ди газетым и ехъулlэныгъэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу хуолажьэ, абы и къыдэкlыгъуэхэр дахэ хъуным елlалlэу.**



ЗЫХЬЭХЭ Анатолэрэ Ленэрэ я бынунагъуэ дахэм, зэгурыlуэ, пщlэ зэрылъым къащlэхъуа быниплlым я ещанэщ Саидэ. Абыи, и шыпхъуххэу Фатlимэрэ Мадинэри, я дэлъху закъуэ Мухъутари я хьэл-щэнхэм я лъабжьэ адэ-анэм хуащlыфащ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я мардэхэр икlи а лъэпкъ фlыгъуэхэр ягъэнэхъапэу балигъ гъащlэм хагъэуващ.

Ди республикэм и къалащхьэм дэт курыт школ №1-р ехъулlэныгъэкlэ 1989 гъэм къиуха нэужь, Саидэ лъэпощхьэпоуншэу щlэтlысхьащ Налшык дэт Технологие техникумым икlи абыи еджэныр фlы дыдэу щызэфlигъэкlащ. Инженер-технолог lэщlагъэр зэзыгъэгъуэта бзылъхугъэ цlыкlум лэжьэн щыщlидзащ япэщlыкlэ Налшык, иужькlэ Бахъсэн къалэхэм дэт ахъшэ хъумапlэ банкхэм. Техникэм хуэlэижьу, набдзэгубдзаплъэрэ къалэн къыщащlхэм жэуаплыныгъэр зыхищlэу пэрыт Саидэ и lуэху зехьэкlэфlым гу лъатащ. Банкым и унафэщlхэм я жэрдэмкlэ ар ягъэкlуащ а лъэхъэнэм lэнатlэ псоми хуабжьу щыхапщэу хуежьа компьютерхэм щыхурагъаджэ курсхэм. Ахэр, зэрихабзэу, ехъулlэныгъэкlэ къиухащ бзылъхугъэ lущым икlи куэд дэмыкlыу, 1996 гъэм, ар «Адыгэ псалъэ» газетым къэуващ, абы къыщызэlуахагъащlэ компьютер lэнатlэм и лэжьакlуэу.

Абы лъандэрэ блэкlа илъэс 25-м къриубыдэу Саидэ а lэнатlэм щолажьэ, а унэтlыныгъэмкlэ бгъэдэлъ щlэныгъэми зэфlэкlми хигъахъуэ зэпыту. Компьютерым дехьэх, абы и lэмалхэм ящыщ куэдым фlыуэ щыгъуазэщ ар, а техникэ телъыджэм «игъэпщкlу щэхухэр къригъэlуэтэныр» лъэкlыу. Газетым и теплъэр компьютеркlэ зэхэгъэувэным хуэщlа программэ куэдым хуэlэзэщ ар. Абы щелэжькlэ, и псэм щыщ lыхьэ гуэр абы хилъхьэу къыпщохъу, апхуэдизу къызыхуэтыншэу лэжьыгъэр зэфlехри. Дахагъэр псэкlэ зыхэзыщlэ цlыху гумызагъэм и лэжьэкlэм укlэлъыплъынуи хьэлэмэтщ. Абы фlэфlу зэрегъэзахуэ газет lуэхум куэдрэ узыщрихьэлlэ, зэманышхуэ зытекlуадэ, къупынщыпын лэжьыгъэхэр, набдзэгубдзаплъэу йолэжь напэкlуэцl щхьэхуэр щызэхигъэувэкlи. Саидэ и lэдакъэщlэкlыр щытлъагъукlэ, ди гур хохъуэ, езым гупым щиlэ пщlэри нэхъ лъагэж мэхъу. «Аращ-тlэ, компьютерыр уи ныбжьэгъумэ!» - куэдрэ жыдоlэ абы, и lуэхущlафэр нэрылъагъу хъуа нэужь.

Апхуэдэу лэжьэфынур, зи пщэрылъхэр дагъуэншэу зыгъэзэщlэфынур зи lэщlагъэмкlэ щlэныгъэфl зыбгъэдэлъырщ, хэлъэт зиlэрщ, шыlэныгъэрэ жэуаплыныгъэрэ зи щэным хэлъырщ. А мардэ псоми изагъэу lуэхур зэфlэзых Саидэщ.

Ди лэжьэгъу гумызагъэм, ди ныбжьэгъум нэгъуэщl хьэлыфl куэди хэлъщ. Зэрылэжьакlуэфlым къыдэкlуэу, ар бзылъхугъэ щыпкъэщ, унэгуащэ lэкlуэлъакlуэщ, анэ гумащlэщ. Абырэ и щхьэгъусэ Русланрэ (ар инженер-электрикщ) хъыджэбзищ зэдагъуэтащ. Пщащэ цlыкlухэм я нэхъыжь Алинэ адыгэбзэр зи псэм хэлъу къэтэджа нэрыбгэщ. Абы КъБКъУ-м адыгэбзэмкlэ и къудамэм и бакалавриатыр диплом плъыжькlэ къиухащ. Мы зэманым и щlэныгъэм магистратурэм щыхегъахъуэ. Зэшыпхъухэм я курыт Каролинэ биологие lэщlагъэм КъБКъУ-м щыхуоджэ, ехъулlэныгъэфlхэр зыlэригъэхьэу. Быным я нэхъыщlэщ Эвелинэ. Ар зэрысабийрэ гъуазджэм дихьэхыу къэхъуащ, Нартан къуажэм Щэнхабзэмкlэ и уардэунэм къыщызэрагъэпэща «Вагъуэ цlыкlу» къэфакlуэ ансамбль цlэрыlуэм хэтащ, ди къэралым и щlыпlэ куэдым зыкъыщигъэлъэгъуащ, текlуэныгъэ инхэр къыщихьу. Нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэщ Ныркхэ я унагъуэри, Тхьэм къихъумэ.

Саидэ пщlэ хуозыгъэщl нэгъуэщl lуэхугъуэхэри щыlэщ. Апхуэдэу дэ ди нэгу щlэкlащ ар и гуащэ-тхьэмадэм зэрахуэгуэпар, адэ-анэм, и пщыпхъу закъуэ Светланэ, и анэкъилъхухэм зэрахуэгумащlэми гу лъыдотэ. Нэхъыжьхэм ящыщу нобэ абы хуэпсэужыр и анэ Ленэщи, ди ныбжьэгъум дохъуэхъу и анэм и жьауэр щхьэщымыкlыу иджыри куэдрэ псэуну.

И хьэл-щэныр, и дуней тетыкlэр лъэныкъуэ псомкlи дагъуэншэу къэтлъытэу апхуэдэущ Саидэ гупым къызэрыт-хэтри, дрогуфlэ апхуэдэ лэжьэгъу щыпкъэ дызэриlэм.

Нэмысрэ хабзэрэ зыхэлъу дунейм тет, зыпэрыт lэнатlэр жыджэру езыхьэкl, гупгъэдахэу къэтлъытэ Ныр Саидэ дохъуэхъу къыщалъхуа махуэмкlэ. Узыншэу, унагъуэ насып щымыщlэу, зэщхьэгъусэхэм къащlэхъуэ щlэблэмкlэ яlэ хъуэпсапlэхэр къехъулlэу дунейм куэдрэ Тхьэм тригъэт. И благъэхэр, lыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр - фlыуэ къэзылъагъухэр къыкъуэту Тхьэм игъэпсэу ди Саидэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.857
Заказ №2709